

# Kisa M Ap Fè Ak Jezi Yo Rele Kris La?

63-1124M

## Branham Tabènak, Jeffersonville, Indiana, Etazini

1 Seyè a beni w, Frè Vayle. Bonjou, zanmi. Mwen toujou an reta. Billy t ap di m, maten an, mwen te gen, m te gen apeprè trant antrevi prive, e m te pran de ladan yo, kifè, mwen kwè de oswa twa. Kifè m pa ka atenn tout moun, ou konnen, e gen moun k ap tann, e ki ap tann sou lis la depi dè mwa e dè mwa. E Seyè a te fè gwo bagay anndan la. O, Li se—Li se Bondye nou an. Èske L pa sa?

2 Kounye a mwen sèten, maten an, ke nou tout okouran de gwo tristès sa ki te rive a nasyon sa, konsènan Prezidan nou an nou pèdi, Mesye Kennedy. Menm si m pa dakò ak nonm lan nan politik ak relijyon li, men kanmenm li pa merite mouri konsa. Non. Pou kite timoun sa yo dèyè, san papa. Epi yon manman ki se...Madam Kennedy, menm si, sètènman, m pa ka dakò avè l, ak fason pa l ak bagay konsa, petèt, men, sonje, li se yon manman. Li fèk sot pèdi ti bebe li a, epi li pèdi mari l. E li te tonbe sou janm li, pwòp san mari l te koule sou janm li. Sa tèrib.

3 Èske w te janm panse...Pafwa nou panse li te bay nasyon an oryantasyon, nan estil ak bagay konsa. Sa kapab vre, tou. Men èske w te konnen, Madam Kennedy pa t janm te tande youn nan Mesaj sa yo ke m preche konsènan sa? Si l ta tande youn nan Mesaj sa yo, petèt li t ap aji diferan. E gen kèk nan sè nou yo ki tande l, e ki kanmenm pap aliye yo avè l. Ou wè? Ou wè? Ou wè? Manzè te grandi nan Katolik; se tout sa l konnen. M pa gen anyen kont sa, ou wè. Li...Se yon sistèm, sistèm Katolik, menm jan ak Prezbiteryen, Metodis, ou nenpòt nan rès yo, ou wè, oswa Pannkotis, nenpòt. Se sistèm lan, pa moun yo.

4 Mesye Kennedy, mwen kwè, te fè yon—yon bon travay antan ke Prezidan. Mwen de tou kè ak madanm li. Mwen santi m vrèman tris konsènan sa, ke menm pwòp nasyon nou an, voryen elatriye nan nasyon an, ta ka fè yon bagay konsa.

5 Si w pa ka an dezakò ak yon moun, ou wè, pou pran pwòp pwozisyon w; pa gen ankenn rezon pou touye yon lòt, jis poutèt bagay konsa. Epi timoun sa yo konnen, yo di, youn nan ti zanmi sa yo te di, "Kounye m pap gen moun pou jwe avè m ankò. Papa al fè wout li." Ou wè?

Kidonk m te toujou panse ke sa t ap kondisyon pa m, yon jou. Sa toujou rive anpil fwa, jan w konnen an, pou yo tire w nan peyi etranje; alòske yo konn oblije antoure m ak kò yo, pou anpeche yo tire sou mwen, a disans.

6 Kifè si yon nonm mouri konsa...Men, sa se-se pri ki te peye, ki mache ak laglwa diferant bagay. Ou wè? M panse nou gen an mwayèn apeprè chak kat Prezidan, youn sou kat, te asasinan, e mwen santi m vrèman mal konsènan sa. Se yon wont pou nou gen yon tèl moun an Amerik, ki fè yon bagay konsa.

7 Bon, poutan, jan m te di a, mwen-mwen an dezakò ak politik li. Mwen...mwen pa, pa dakò ak ide l yo sa l t ap eseye fè. Men, ou wè, li se yon lòt imen. Mwen pa t dakò ak sistèm relijyon pa li. Sètènman mwen-mwen pa t dakò ak sa. Men, poutan, li-li te grandi fason sa. Se-se sa l te ye. Jan m te di a, petèt si l te tande yon bagay diferan, sa t ap yon lòt bagay.

8 Nou gen yon-yon bagay nou fè isi a, se lè youn nan moun nou yo mouri, ou yon bagay konsa, menm si se deyò...mwen kwè antan ke-antan ke yon legliz Ameriken, antan ke yon kò ansanm Ameriken...

Pèp Ameriken an te vote Mesye Kennedy kòm Prezidan. Se te...Se poutèt sa nou se yon demokrasi. M pa t vote pou Mesye Kennedy. M te vote pou Mesye Nixon, paske m te konn Mesye Nixon, pèsònèlman. E mwen-mwen te renmen l, epi mwen-epi mwen te vote pou li, pèsònèlman, paske m te renmen l. Men nan peyi sa, Ameriken yo, konpayon sitwayen m yo nan nasyon sa, yo te eli Mesye Kennedy. Fason yo te fè sa, ebyen, se zafè ki gade yo ak Bondye, men se sa ki limit lan.

9 Men m panse, pou byen manman sa, yon èt imen, yon manman pitit, Madam Kennedy, èske nou pa ta jis vle leve kanpe yon moman pou priye pou li?

10 Seyè Jezi, nou menm èt imen, nou gen santiman youn pou lòt. Nou regrèt, Seyè, ke yo te touye Prezidan nou fason sa, yon asasinay ak san-fwa. Nou tèlman regrèt ke nasyon nou an

rive nan pwen sa, ke moun konsa egziste—egziste nan nasyon nou an, ki ka touye yon èt imen fason asasinay ak san-fwa; jan yo te tire sou frè nwa sa sa pa fè lontan, yo te jis desann li ak san-fwa, poutèt prejije ras. Nou sitèlman regrèt ke moun konsa egziste pami nou, Seyè. Nou menm, feblès pa nou, te lakòz bagay sa.

11 Nou priye pou Madam Kennedy, madanm Prezidan sa. E konsyan ke ti bebe sa yo ap gade papa yo—yo, ki te pati kite yo, kèk jou anvan sa, li te yon nonm ak kè kontan, ki t ap fè jwèt batay atè sou planche a avèk yo. Kounye a yo pa gen papa. E pou dam sa ki...madanm li, ke pwòp mari li te tonbe sou janm li, ak san l ki t ap koule sou wòb li; alòske li jis te sot antere ti bebe li.

12 Poutan, Seyè, nou ka panse dam lan nan erè pa—pa—pa fason jan l te bay nasyon an oryantasyon, fason abiye li e latriye; men sa—se petèt zafè pèp Ameriken an, an antye, yo menm, se sa yo vle. Kifè nou—nou priye pou li, maten an, pou W ede l. E ke kapab gen yon moman nan dèy sa li va jwenn sa ki Laverite, Jezikri! Akòde l, Seyè, sèl Sila ki ka bay lapè ak konsolasyon nan moman twoub yo.

13 Ede nou, Seyè, pou nou kontinye, ak tout kè nou, yon limyè k ap briye, nou pa konnen ki lè ou ki enfluyans nou ka egzèse sou yon lòt moun. Annou fè Limyè Kris la briye jiskaske L vini. Lè sa Gran Bèje twoupo a, Ki konn tout jistis, va kontre ak chak peche, e L ap jis konn kijan pou fè sa. E jiska moman sa, nou remèt nou nan men W, poutèt lanmou W ak mizèrikòd Ou pou nou. Lan Non Jezi. Amèn.

14 Wi, m pa kwè ankenn moun merite mouri konsa. Bon, Mesye Lincoln pa t merite mouri konsa. Mesye McKinley pa t merite mouri konsa. Huey Long pa t merite mouri konsa; ankenn nan zanmi sa yo. Mwen pa kwè nan sa. Asasinay, sa pa bon. Ti mesye nou yo pa t al konbat aletranje pou yon bagay konsa. Drapo nou an pa t monte pou yon bagay konsa. Nou pa sitwayen Ameriken pou yon bagay konsa. Non. Menmsi, nasyon nou an defòme epi tòdye ak peche, se sa—se sa ki lakoz bagay sa yo. Se peche a.

15 Bon, jodi a nou gen...M ap anseye lekòl di Dimanch, ak kèk bagay ke m ta renmen mansyone pou legliz. E sa se, premye bagay la, m ta renmen nou padonnen m poutèt m te kenbe nou tèlman lontan Dimanch maten sa yo pandan m t ap delivre Mesaj sa yo. Apre sa

si Seyè a vle...Rezon ki fè m fè sa, se paske mwen—mwen isi a nan mitan moun pa m epi m ap—m ap anseye doktrin senpleman ak otan de fòs ke m kapab. Mwen pa anseye doktrin sa yo deyò nan lòt plas. Mwen jis rete sou—sou fondman prensipal Levanjil la. Men doktrin sa yo ki solid, mwen—mwen pa anseye yo deyò nan—nan lòt plas. E alò, isi a, sa pran m inè, pafwa, de ou twazè, pou pase atravè Mesaj mwen an. E mwen kenbe nou isi a pafwa, midi-trant, inè. E sa jis minè konpare a sa m te konn abitye fè. M te konn rete tout lannwit, prèske, pafwa. M te konn ale, nou te konn kòmanse, anpil fwa, a uitè di swa epi retounen lakay pwochen maten an a de ou twazè di maten, se vre, pou reyinyon yo.

16 Men mwen—mwen—mwen pral eseye, kan m va vini ankò, pou jis on—on ti...on mesaj olye de tout ansèyman sa, sòf si m avèti nou davans ke pral gen yon bagay. Paske, mwen gen Sèt Twonpèt yo, mwen kwè, k ap vini, ki konekte dirèk ak Sizyèm So a. Kan Sizyèm So a te sonnen, tout Sèt Twonpèt yo te sonnen on sèl kou, ou wè. Kidonk nou...m ta renmen gen sa pou Legliz la anvan Vini Li, si...oswa lè depa mwen, ou kèlkeswa sa l ka ye a, si m kapab.

17 Kounye a, si n ap fè sa, alò n ap avize w davans. E petèt lè sa, jan nou wè maten an, ale yo ranpli, ak miray yo, e toutotou, n ap eseye...Nou gen on kote kounye a ke nou ka petèt jwenn anwo a la. Li ka pran apeprè twa mil moun, e se yon oditoryòm lekòl ki kòrèk jis pi wo nou isi a. Sèt Twonpèt yo, n ap eseye preche yo anwo a la nan lekòl sa. E va gen anpil plas chita, ou wè, konsa nou ka fè moun yo antre.

18 Nou vle fè on rapò, sou New York, kote nou fèk sot gen yon tan mèveye. Oditoryòm Morris la la, nou jis te oblije refize moun, chak swa. Yo te anpile. Ponpye yo...Nonm ki pwopriyetè plas la...Otorite responsab pou dife yo ta ka fèmen plas la si nou te kite yo rete kanpe, anpile konsa. Alò nou te oblije fè yo soti. Epi moun deyò nan lari a, ap mache monte desann nan lari a, ap priye pou on moun ka fatigue pou leve soti, konsa yo ta ka antre pou chita. Ou wè? Jis yon moun, yo jis t ap tann deyò pou grenn moun sa, pou yo te ka antre. E on fwa pwochen an te nan pòt la, alò yo te kite youn antre konsa. Kan on moun te leve pou soti, ki te oblije al lakay pi bonè, ebyen, yo te konn antre pou pataje plas sa. Ou wè, yo te ka vini. Se trè janti, on bann moun de byen. E mwen kwè mond lan, legliz Kreytèn, grangou pou Bondye.

19 Bon mwen—mwen—mwen fè konfyans ke...Mèsi, frè. Mwen—mwen fè konfyans ke—ke Bondye va akòde nou opòtinite sa, kote nou ka vini ansanm pou pote Sèt dènye Twonpèt sa yo. Mwen ta renmen gidans pou fè bagay sa yo, pou nou ka konnen.

20 Apre sa nan dejene òm dafè yo...Dabitid, chapit yo gen la, mwen kwè yo di yo konn gen antou ant senkant a san moun nan dejene yo. E jou maten sa yo te vann mil sètsan biyè, e yo te kite rès plas anndan yo, pou ranpli plas deyò yo. E chak koridò,, ak toutotou mi yo, eskalye anwo ak anba, te gen moun ki te kanpe. Kèk minis nan ran elve, kèk prèt, e—e latriye, te la pou ap tande Mesaj la. Kifè, dapre sa m konprann, mwen kwè sa te ede on tikras. Sa dwe te fè kèk—kèk an plis, se mye ke sa nou ta ka panse vrèman li t ap ye.

21 Bon, la, aswè a...Nou pral gen on...Mesaj aswè a, si Seyè a vle, sou—sou sijè kouman—kouman, apwopo kondisyon nou parapò a Kris. Kounye a sa pral...sa ap kout. Nou vle kòmanse, mwen vle sou estrad la a setè-trant. Si...A ki lè abityèlman nou kòmanse, a setè-trant? [Yon frè di, "Nou kòmanse a setè-trant, men n ap kòmanse a setè."—Editè a.] O, setè, e mwen va sou chè a pwòch setè-trant, e sa ap pèmèt mwen kite toupre uitè-trant, si Seyè a vle, paske mwen—mwen jis...m ap jis ale osi vit ke m kapab, e m pral kòmanse pratike.

22 Apre sa men yon lòt bagay, se, petèt gen etranje ki tande moun yo ri. Poutèt, m ap eseye elwaye m de isi a, men m pa kapab fè sa. Se on jan de...m espere sa pap sonnen sakrilèj, men manman m te konn abitye di, kan moun yo rasanble ansanm konsa, se tankou melas sorgho pandan yon maten frèt. Ou konnen, sa epè, epi ap koule dousman. Se apeprè fason an sa ye. Mwen ale dousman nan Mesaj sa yo, akoz dousè siwo-kann Bondye a—a, ou konnen, sa on jan fè nou ret kole ansanm. E mwen—mwen—mwen pa, pa ta vle sa ankenn lòt fason. Mwen—mwen vle l jis fason sa. Kote, mwen raple m nou te konn abitye leve pou chante kantik sa:

*Beni lyen ki makonnen*

*Kè nou nan lanmou Kretyen;*

*Fratènite nou ak lide ke nou se fanmi an*

*Se tankou sa k Anwo a. (Ou wè?)*

*Isiba nou separe pafwa,*

*Sa fè nou mal anndan nou;*

*Men n ap rejwenn kanmenm nan kè nou,*

*Epi espere rankontre ankò.*

23 Mwen–mwen fè konfyans ke sa ap toujou bi–bi nou isiba. Anpil nan vye sen sa yo te tonbe al dòmi depi lè sa, men nou rejwenn kanmenm nan kè nou. E mwen panse vizyon maten sa, pou te wè yo laba a, ak jèn prestans beni e glorifye gason ak fanm, toujou sanble ak sa yo te ye isit la, kan yo te isi a sou tè a. Mwen kwè ke y ap tann nou vini. Yon jou nou va al jwenn yo, Si Bondye vle. Kounye a mwen–mwen...

24 Sonje sèvis yo, sèvis chan ap kòmanse a setè aswè a, olye de setè-trant.

Aprè sa, semèn pwochèn, m ap Shreveport, an Louisianne, la nan Life Tabènak la Shreveport, Louisianne. Mwen kwè y ap eseye lwe oditoryòm lòtbò lari a. Frè Moore te rele yèswa, li di yo...Se yon konvansyon chak ane, e yo atann yo a resevwa anpil envite.

25 Mwen vle bay on ti temwayaj jis anvan m li Lèzekriti. Yon–yon dam te la lòt jou, te gen...M ap di w kisa enflyans yon moun k ap priye pou yon lòt ye. Sa te bay ke mwen te gade anba pou wè yon lòt dam ke m te jis...Margie Cox, madanm Frè Rodney Cox ki te chita isit la. E semèn dènye a, mwen kwè se te sa, lè nou te isi a, Sentespri a te bay disènneman atravè tout bilding lan, ou konnen, jan l konn ye ak moun yo. E manzè te chita...Li chita drèt la kounye a. Men li te jis lwen laba kèkpa. E mwen–mwen te gade, e men yon dam ke–ke yo te rele, ki te atenn ak dyabèt. E Margie te...E nan vizyon an se te Margie. Margie te kanpe la; e poutan m te gade anba a, mwen te wè l, e se te yon...Mwen te panse...Epi m te gade pou wè lòt dam sa, ak Margie ki te nan vizyon an, men Limyè a te sou dam lan. Konsa mwen–mwen t ap obsève.

26 E mwen te panse, ebyen, si m rele Margie, y ap di, "Sèten, sa, sèten." Yon moun ki konnen yo, ap di, "Enben, li–li...Mari l se jis youn nan bon zanmi li–li. Yo viv ansanm, dòmi ansanm, fè lachas ansanm, ak–ak tout bagay. Se sèten, sa, l ap okouran." Men Margie pa t konn sa.

Men m te rele lòt dam lan, ki te yon...mwen kwè, se te yon sè ki sot Chicago, jan m te aprann pita a.

27 Men alò sa te vini, ke nan li...faktori a, yo t ap fè pase tès dyabèt. Epi-epi li te dyabetik. Kidonk li te sou wout li, avan yè, pou al nan klinik poutèt sa. Epi-epi konsa kan l te mansyonnen sa, alò m te rafrech memwa l sou sa. E m te di, "Apwoche la, Sè Margie." E m te di l konsènan jan l te vin gen kranp nan men l, ak-ak jan sa te pwovoke yon trè movèz sansasyon.

Ti dam lan ap travay lajounen kou lannwit, prèske, anwo a la, pou...on ti manman fidèl, ki ap ede mari l peye pou kay y ap eseye konstwi a. E-e li menm ak ti sè li, Nellie, ak Charlie, sa se Frè Rodney, madanm li, ak yo tout k ap travay ansanm nan faktori sa yo laba, senpleman osi di ke yo kapab. Pou ap andire kalomni. Yo kite cheve yo pouse, e yo pa pote makiyaj, bagay konsa, lè yo te vin Kretyen. Mwen kwè nan bay kredi kote ki merite l. E se sèten mwen gen plas akeyan nan kè m pou de jèn dam sa yo.

28 E apre sa m te pran men l pou m te priye pou li. Li te monte ale, e yo pa t ka jwenn yon tras dyabèt ankenn kote. Konsa, sa te pati.

Yon dam ki la drèt anndan la kèkpa, ke yo te rele, e se te yon sè ki rele Bruce. Mwen pa wè l maten an, men li te toujou...Li te plis sanble a yon dam ki te bezwen priyè. Dam sa te antre, se te dènye fwa m te isit la, e pa t gen ankenn-ankenn kat priyè ki te bay, oswa anyen, kifè pa t ap gen pèsonn, ankenn liy priyè, kifè yo jis...Sentespri a te jis ap rele moun nan oditwa a.

29 Ti Madam Bruce sa, li te-li te geri yon fwa, li menm, ak kansè. E li-e li jis te toujou gen yon fado sou kè l pou yon lòt moun, e li te jis ap priye. Te gen yon dam ki sot Louisville, ki t ap mouri, ak kansè nan gòj. E pandan l t ap priye, Sentespri a te ale dirèk sou dam sa, rele l, e pe enpòt Sa l te fè a, pou di l kimoun li te ye, te di l pito, kimoun li te ye, e kisa pwoblèm li te ye, e konsènan li ki gen kansè, e te di l, sa t ap kòrèk. E ti dam lan te pati al lakay li.

Kèk jou apre sa, li te jis kòmanse ap toufe amò, prèske, gòj li te senpleman monte anfle. Li te touse byen fò, e kansè a te bondi soti. E manzè pafè. Ou wè?

30 Sa k te rive, ou wè, boul sa, li menm, se yon maleng ki gen yon vi ladann. Ou wè? *Kansè*, sa vin de mo sa—sa, tèm medikal, pou di “krab,” ki vle di li gen anpil pat, tankou krab la—la ke w jwenn nan lanmè e—e li souse san ki nan ou an. E boul maleng sa nan gòj li te gen, se te, se sa l t ap fè.

Kounye a, ou wè, mwen pa annafè ak boul la. Mwen annafè ak vi ki nan boul lan. Ou wè? Vi ki nan boul lan se ak sa nou annafè. Ou wè? “Lan Non M yo va chase demon.” Mo *demon* an se “toumantè,” tankou nan kò a. E se te yon demon. Alò lè lavi soti nan boul lan, natirèlman, sa pèmèt boul la kòmanse ap anfle.

31 Jis tankou yon ti chyen machin te pase sou li nan lari a, on bagay konsa, kite l etann la nan solèy pandan kèk jou, lè sa, li vin de fwa gwosè li.

Ebyen, se sa ki t ap rann ti dam lan vin pi mal la. Anpil fwa mwen te eksplike sa. Si w vin pi mal, se siy menm ke w geri, ou wè. Kifè sa te jis ap vin pi mal tout tan, pou ap toufe l, paske sa t ap anfle. Epi...Men li te kaba, lavi te soti kite bagay la. E fason touse konsa, ou wè, [Frè Branham touse—Editè a.] *konsa*, te fè l vòltije, soti kite rès kò l. E sibstans ki mouri an, se te jis kò a san vi ladann, kansè a te pati, vòltije soti, ou wè, soti tonbe.

32 Kifè, se konsa, kò a te pati ale lè sa. Se pa t demon an ki te pati ale. Se te kay kote li t ap viv la. Li te pati ale paske fwa dam lan nan sa yo te di l, konsyan ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan, se sa ki te touye kansè a, ki te mete vi sa deyò.

Bon, li te ka retounen kot doktè a, epi doktè a te di, “Tenten, bagay la—la—la jis la menm jan l te toujou ye a.” Men se te vre, boul la te la, men pa vi a, li pa t la. Ou wè?

33 Kounye a, sa k t ap rive si se te nan ka sa pa t pati—pati al fè wout li?

Èske sa se foto a? [Frè Neville di Frè Branham, “Sa a se foto yon boul ki te pati kite Madam Baker, ki soti Springville, Indiana. E manzè...Sa se agrandisman foto a, ke sa te pati, apre lapriyè.”—Editè a.] Men foto boul Madam Baker a, ki soti Springfield, Indiana, ki te pati ale, apre lapriyè. Se foto sa. Ou wè, sa se kò ke demon an t ap viv ladann lan.



Jis menm jan w ap viv nan kò w ap viv ladann lan; sa ka piti, gwo, cheve kannèl, cheve nwa, kèlkeswa sa l ye a. Ou wè? Swa ke demon an ap viv nan kò sa, oubyen Kris ap viv nan kò sa. Ebyen, la lè vi sa pati kite l, kò w toujou isi a sou tè a, ou wè, men vi an pa la.

Kan vi an pati ale, kò a te toujou la. E alò li te detache de kò manzè epi chase, kò a te pati ale.

Men si se yon sitiyasyon kote li pa ka pati ale, alò kè w dwe ranmase sibstans ki mouri an pou pirifye san an, chak fwa l ap bat. Sa koze lafyè, ak tout lòt bagay, paske se yon enfeksyon. Ou wè? E kè w dwe...Mwen kwè ke kè a pirifye san an pandan l ap pase. Èske se vre, Sè Dauch? Mwen kwè se sa. Kè a, pandan l ap bat, l ap pirifye. Se yon enfimyè, ou konnen, e men yon lòt ki isit la an fas li. Piri-...li ranmase...E se sa ki koze lafyè apati de enfeksyon an. Li ranmase enfeksyon an pou-pou gaye lafyè.

34 Bon, moun yo, nou wè, se fwa nou. Se pa janm sansasyon nou. Sa pa anyen, menm si se konsa, si men m pa dwat. Sa pa gen anyen pou wè ak sa. Se fwa mwen ki fè sa. Ou wè? Drèt devan nou, nou wè imaj yon moun ki te geri pafètman, pa lafwa. E alò nou te jis ale etap pa etap jouk nou te antre nan moun sa, pou jis te avanse avèk sa. Ou wè? Men ni. E sa, se sa ki fè l, fwa ou; pa sansasyon w. Se fwa w ki pwovoke l. Remèsiman ak louwanj pou Bondye!

35 Kounye a jis yon moman pou priye, e nou gen yon sijè la ke nou vle pran an konsiderasyon, ak on ti tan pou ke Seyè a ta ka trete avèk nou dapre sa a.

Bon, apre sa si kèk lan nou dwe pati maten an, e nou pap nan sèvis aswè a, si Seyè a vle, mwen-mwen vle retounen isi a ankò. Fanmi an ap retounen semèn Nowèl la. Alò, Dimanch apre Nowèl la, si Seyè a vle, mwen vle preche Mesaj Nowèl mwen isi a nan tabènak la; Dimanch apre Nowèl. Si Seyè a vle, tèks la va, *Klocha Nan Lari A*.

Kifè annou bese tèt nou kounye a epi ofri yon priyè anvan nou li tèks la.

36 Seyè Jezi, ke W vin pwòch nou jis nan moman sa. E nou konnen ke sa difisil nan ti legliz nou an, kote anpil kanpe. Epi-epi nou isi a pa pou konfò, paske sa pa konfòtab. E nou pa isi a pou yo wè nou. Men nou isi a paske nou te santi Prezans Ou. E nou konnen ke Ou isi a. Nou isi a pou koreksyon. Nou isi a, konsyan ke nou nan Kay Bondye. E nou santi nou byen

pou nou isi a, pe enpòt jan sa pa konfòtab, rete kanpe, ak—ak foul moun, men nou isi a paske nou—nou santi Bondye isi a.

37 E se menm jan tou gason sa dwe te santi l jou swa sa, kan Pòl te preche tout lannwit, ala yon mesaj ki te long, depi pwobableman kouche solèy jouk leve solèy la, pwochen maten an. E yon jèn zanmi ki te anwo nèt la byen wo, li te sot tonbe e yo panse li te mouri. Pòl te etann kò l sou li, e Lespri Bondye ki te nan mesaj a te mennen espri lavi tounen nan kò jèn gason sa. E li te di, “Li va kòrèk,” e jènòm lan te viv. Li te enterese a sa Pòl t ap di a.

38 Epi, Bondye, nou enterese mantan an ak sa Lespri sen an ta di n nan kè nou. Epi nou priye W pou brize Pen Lavi a bay chak nan nou, pou ke lè n kite isit la jodi a, nou pa kite bilding sa a menm moun nou te ye lè n antre a. Se pou kretyen yo vin pi pre W. Se pou pechè yo tounen jodi a. Se pou malad yo geri. Epi se pou wayòm Bondye a rapwoche l de nou, oswa menm pou l nan nou. Paske nou mande l nan non Jezikri, pandan ke n ap tann Lespri L pou ban n Pawòl yo. Amèn.

39 Kounye a, ann li kèk nan Ekriti a, ki se... Pawòl Bondye a toujou vre. Epi kounye a, e chak nan, mwen wè ke nou byen janti ak moun ki kanpe yo. Mwen wè yon moun leve, li te chita, epi li fè yon lòt moun yon chita. Sa se trè byen. Mwen swete nou ta gen plis plas, men nou jis pa t genyen l, nan moman sa a. Ann al nan Matye 27, epi nou pral li nan vèsè 11 la, epi answit nou pral pale sou sijè sa a. Apre sa Jezite kanpe devan gouvènè a, epi gouvènè a te mande l, li di: Eske w se wa jwif yo?... Jezi te di l: Ou di l oumenm. Lè chèf prèt yo ak ansyen yo te akize l, Li pa t reponn anyen. Alòs Pilat di l: Ou pa tandè konbyen bagay yo temwaye kont ou? Epi Li pa t reponn li menm pa yon mo; telman ke gouvènè a te sezi anpil. Kounye a, pou fèt la—gouvènè a... te konn lage yon prizonye pou pèp la, moun yo te vle a. Epi yo te gen yon prizonye aristokrat, yo te rele Barabas. Kidonk lè yo te rasanble amsanm, Pilat di yo: Ki moun nou vle pou m' lage pou nou? Barabas, oubyen Jezi ke yo rele Kris la? Paske li te konnen akoz de jalouzi yo ta delivre l. Epi li te chita sou twon jijman an, madanm li te voye di l: “ Pa gen anyen a w wè ak nonm jis sa a, paske jòdi a mwen soufri anpil nan rèv poutèt li. Men, chèf prèt yo ak ansyen yo pran tèt foul la pou yo mande Barabas, epi pou detwi Jezi. Gouvènè

a reponn e li di yo: Kilès nan de sa yo nou vle pou m' lage pou nou?... (jis reflechi a sa!)...Yo di: Barabas. Pilat di yo: Kisa pou m fè ak Jezi ke yo rele Kris la? Kidonk Kisa pou m fè ak Jezi yo rele Kris la? Ebyen Yo tout di li: Se pou L krisifye. Gouvènè a di: -Ki mal ke L fè? Men yo te rele pi rèd, e te di, Se pou L krisifye. Kidonk, Pilat wè ke l pa t gen anyen lòt ke l ka fè, men pito pou yon dezòd ta rive, li pran dlo, li lave men l' devan foul moun yo, li di: "Mwen inosan de san moun jis sa a : wè a sa noumenm. Lè sa a, tout pèp la pran lapawòl, epi yo di: Se pou san L tonbe sou nou e sou pitit nou yo. Apre sa li lage Barabas ba yo.

40 Ala yon imaj ki tris! Mwen tire yon tèks de sa a, si w ta vle ekri l konsa, oswa rele l konsa. E petèt bann lan ta dwe gen tit sa a: Kisa m dwe fè ak Jezi yo rele Kris la? E sijè ke m vle itilize a, apre ke tèks la; Mwen vle sèvi ak sijè a, "ak Jezi ki nan men w lan." Avèk Jezi ki nan men w lan, kisa w pral fè?

41 Sèn nou an kòmanse, maten an, nan sal jijman an; kote Pilat, gouvènè a, te rele sou sèn nan, pou—aji ak—epi fè yon jijman. Li te byen bonè nan maten, yon ti tan anvan li fè jou, e li te deranje nan dòmi l, epi—epi yo te rele l pou tandè—ka Nonm sa a.

42 Se te yon epòk krisifiksyon Seyè e Sovè nou an, Jezikri. Li —Li pa t fè anyen, jan yo te kab jwenn nan Li a, e li te—Li te reponn tout bagay. Li te jis lè pou ke l te dwe konsa. Pa gen anyen ki ka rive san pa gen yon bagay dèyè l ki lakòz li konsa. Ta dwe gen yon rezon pou tout sa k rive. Paske li—li motive, natirèlman, pa—lespri a ki nan èt yo, e nan èt imen yo, elatriye. Gen yon motif, motif pou sa, ak yon—ak yon objektif, epi dwe gen yon rezon. Epi, rezon ki fè sa a te dwe rive a pi Grantòm ki te janm viv sou tè a, oswa ki te janm ka viv; rezon ki fè li te rive konsa, paske l te lè pou l rive. Ou wè? Li dwe konsa, epi pa t gen okenn fason pou evite sa. Li, li te dwe tan sa a. Epi Jezi te vin sou tè a egzakteman jan Pawòl Bondye a te predi l t ap vini an. Li te fè egzakteman sa Pawòl la te di l t ap fè a. Li te viv lavi a, jis egzakteman, epi Bondye te fè konnen, oswa manifeste, Semans lan nan tan sa a. Koulye a, sonje, Bondye...

43 Bib la kòmanse nan Jenèz epi l fini nan Apokalips. Kounye a, men leson mwen—mwen vle nou konprann nan, sèke...ou wè, nan chak jenerasyon, yo te rakonte, nan Bib la, osijè de yon kèlkonk bagay k ap rive atravè chak jenerasyon. Tankou Danyèl ki te wè... Entèprete rèv Nèbikadneza a; ki jan wayòm nasyon yo t ap antre, ki jan yo t ap tonbe, epi ki jan yo ta prale

ale. Epi chak moun nan ras ak nasyon sa yo, ke pwisans moun nasyon yo kontwole, te kontwole mond lan, te fè jis egzakteman jan vizyon an te di yo ta fè a.

44 Lè Nèbikadneza, tèt annò a, te tonbe, apre sa moun MedoPès yo te antre; epi nati yo, selon —nati materyèl la, epi dapre sa pwofèt la te di, jis egzakteman. Nèbikadneza, tèt annò a, ki se pi gran e premye nan Wayòm nan. Answit, moun MedoPès yo te ajan. Epi apre Apre, desann nan kwis yo, se—se te an kwiv. Epi chak metal vin de plizanpli di; se lò a ki pi mou. Epi li fini ak fè, ki se sa k pi di nan yo tout, fè a. Kounye a, chak wayòm sa yo te tonbe jis egzakteman, pa nati a, fason pwofèt la te di ke yo t ap fè a. E kisa li tap fè? Li t ap simen yon semans pou nasyon yo veye, e chak fwa lè wayòm sa a te soti, li te oblije fè selon sa Pawòl sa a te di.

45 Apre sa Mesi a te gen pou l vini sou sèn nan. Epi lè Kris la te vini sou sèn nan, Li te oblije reponn Pawòl Bondye sa yo ki te gen pou akonpli, ke pwofèt la te pwononse a, sa ke l ta fè. Moyiz di: "L ap yon—L ap yon pwofèt menm jan avè m." Epi si w ta gen...nou te gen tan tipifye sa sa a epi montre jis kouman sa a nan tan fòmidadab sa a, lè pèp Izrayèl la te an kaptivite nan peyi Lejip la, ki jan Moyiz te fèt yon timoun dwòl, espesyal; epi ki jan li—li te rive, li te elve, epi ki jan li te kache nan bwison adan an; epi ki jan li te vin yon lidè, li te al nan mòn yo, e resevwa lalwa a, epi li tounen desann. Epi li pa t sèlman yon lidè; men li te yon prèt, yon wa e yon gouvènè. Tout bagay sa yo, e ki jan sa jis tipifye Kris la egzakteman. Apre sa Moyiz di: "Seyè a, Bondye nou an pral sisite yon pwofèt tankou mwen." Ou wè?

46 Kounye a, lè Kris la te fèt, pèp Izrayèl la te ankò nan kaptivite anba Anpi Women an. E kisa L te ye? Li te fèt yon Timoun espesyal, epi biza, jan L te elve soti. Ki jan li moute sou mòn yo, li desann, li di: "Ou te tande yo di, moun ansyen tan yo, 'Piga nou vòlè'. Ou te tande yo di: 'Piga ou fè adiltè,' men mwen di, nenpòt moun ki voye je sou yon fi pou konvwate l, li deja komèt adiltè a." Yon lejislatè, ou wè, ak yon wa, yon prèt, yon pwofèt, jis egzakteman menm jan avè L. Konsa, tout bagay sa yo te dwe rive vre, epi lè espas sa a te louvri pou lavi Mesi a, lè ke sa te pafètman akonpli. Kounye a, sa a ka dènye lesou long ke m anseye pou yon ti tan. Mwen vle w swiv ak atansyon kounye a.

47 Lè Pawòl la te pale pou jenerasyon kèlkonk sa a, pral gen yon moun ki leve sou sèn nan ki pral akonpli Pawòl sa a, paske Bondye te pwononse L. Se yon akonplisman Pawòl pale a. Epi Jezi te rankontre chak kalifikasyon, e li te Pawòl la, jistifye kòm Mesi a, egzakteman. Genyen Pawòl tou, ki te pale nan Bib la, pou dènye jou a. Pawòl sa yo dwe pran lavi.

48 Epi nou jwenn la a, lè nan epòk Senyè nou an, legliz la te deja rejte I anvan li te vini nan sal jijman Pilat la. Yo te rejte I, depi jou ministè L la te kòmanse pwofetize epi di yo yon verite sou Pawòl la. Lè sa a, yo pa t kapab konprann sa, ki jan limenm, antan ke yon Nonm, te kapab konnen sa k te nan kè pèp la. Yo te konnen apèn ke, Li se Pawòl Bondye a! Bib la di: "Epi Pawòl la ka disène panse ak entansyon kè a."

49 Epi yo te vle rele I yon move lespri. Li di: "Mwen pral padonnen w pou sa. Men, lè Lespri Sen an vini pou I fè menm bagay la, pou di yon mo kont li pa p janm jwenn padon. Epi tout bagay sa yo ke L te pwofetize yo dwe nan jou sa a, yon bagay dwe mennen sa a a lavi. Men lè yo mennen I a lavi, Li pral tèlman diferan de sa moun panse L ye, jiskaske li pral—se sèlman Eli yo ki pral wè Li. Toujou, jis Eli a se sèl bagay ki pral wè Li, paske Li eli epi òdone pou wè Li. Kidonk, li pa kapab, nan okenn lòt fason.

50 Jezi di: Ou pa kapab vin a mwenmen. Pèsonn pa ka vini si Papa m pa rale I; e tou sa ke L ban mwen ap vin a mwenmenm." Ou wè? Ou wè? Konsa pa t gen okenn fason. Li di: "Ou gen je epi ou pa ka wè; zòrèy, ou pa ka tandè." Li te di: "Ezayi te byen pwofetize osijè de ou." Ou wè? Pwofesi Ezayi a jayi, e manifeste. Pa bliye ke, isit la oswa yon moun k ap tandè bann, ke Pawòl Bondye a dwe manifeste. Bondye gen obligasyon pou I wè ke L fè I.

51 Menm jan Jan Batis te òdone alavans pou I te anonse vini Kris la, te dwe gen yon moun leve pou pran plas sa a. Pawòl sa a dwe akonpli.

52 Apre sa lè Jezi te vini antanke Mesi Wen an, e L te fè egzakteman sa Pawòl Bondye a te di I t ap fè a; e poutan, Juif yo t ap chèche yon lòt bagay, "yon Wa k ap vini ak yon baton fè nan men I," ki te toujou lwen dèyè. Men, li te akonpli chak Pawòl. La yon jou nan Kapènwòm, lè li te pran Ekriti a epi li, (èske w remake?) Li jis li yon pati nan Ekriti sa a. Apre sa, li depoze Liv la, li di: "Jodi a sa a akonpli."

53 Kounye a, lè l t ap preche ane jibile a, poukisa L pa t li rès la? Paske sa konsène lòt vini L lan. Yo pa t gen okenn bezwen pou konn sa. Sa se nan laj kise lè L pral tounen an. Men nan laj li te y a, se rezon ki fè L te kab di: “Ekriti sa a akonpli jodi a devan je w yo. La a menm ou wè li. 'Pou preche sezon ki favorable la, pou soulaje sila ki gen kè yo brize, pou geri malad yo.’” Se pou sa L te vini. Rès la se te—se te pou pote jijman bay moun lòt nasyon yo, elatriye, konsa sa vin apre. Ou wè, Moun lòt nasyon yo te dwe rejte L, anvan.

54 Kounye a, Krisifiksyon an, kote nou ye jodi a sou sijè a, “Jezi nan men nou.” Pawòl Bondye a te totalman konfime, sa te pwouve ankò e ankò, ke L se te repons Pawòl Bondye a. Kote ke dirèktè lalwa yo...

55 Ou wè, Bondye te deja etale l. Kite ministè a etidye L. Men, ou wè, yo pran pawòl yon lòt moun sou sa; kèk gwoup nonm. Yo tèlman avèg a Verite a, ke, lè yo prezante yo Verite a, yo pa echwe pou wè Li. Men, ou wè, Bondye a jis, Li te genyen L ekri la a. Li genyen l ekri, jis isit la nan Liv la, sa k pral rive jodi a, kidonk sa pral rive vre. Men lòt moun ki pa òdone pou wè L, p'ap janm wè L, ou wè, yo—yo te tonbe nan konfizyon nèt.

56 Epi se Fason yo te fè L lè sa a. Yo pa t janm konnen se te Li menm. E gras a siy ke L te Mesaje tan sa a, pèsonn pa t kab nye li. Pwofèt li a te pale de sa; li te di, “Mwen, mwen gen pou diminye, men Limenm li pral ogmante. Mwen pa diy pou m delase soulye l, men li kanpe nan mitan nou kounye a,” Jan te di. “Epi li pral vini. Epi yo mete rach la nan rasin pye bwa a; epi pyebwa ki pa bay fwi yo pral soti nan forè a, oswa nan chan viy lan, oswa nan vèje a. Li p'ap la a ankò.”

57 Kounye a nou jwenn ke bagay sa yo te rive egzakteman jan L te di l la. Li te kab disène panse ki nan kè yo. Li te yon pwofèt. Tout sa L te predi, te rive jis egzakteman jan ke L te di l la. “Mwen monte Jerizalèm. Se la mwen pral tonbe nan men pechè yo. Epi yo pral maltrete l ak mechanste, epi yo pral kloure l sou kwa. Men sou twazyèm jou a, l ap resisite.” Men, li di, “Veye pou n pa di pèsonn sa.” Epi li te kache yo sa, pou ke pa t konprann Li jiskaske Sa te rive vre.

58 Ou wè, anpil fwa li kite nou vin avèg jouk lè ke nou bezwen l lan. Li kite nou vin avèg a bagay sa yo ke nou wè jodi a, paske se lè sa a ke nou bezwen Li, pou konfime jou nou ke n ladann lan. Zansèt nou yo pa t 'konnen bagay sa yo. Bib la te di ke yo pa t ap konnen bagay sa yo. Li te kache yo, epi nan—nan dènye jou yo Li ta revele pitit Bondye yo; oswa, fè ke, yo ta manifeste, pou yo montre glwa Li ak lwanj li sou tè a.

59 Epi tou sa Danyèl te di konsènan dènye jou yo, e kouman ke : "Sila ki konn Bondye yo a pral fè bagay espektakilè." Epi jis tèlman anpil ekriti k ap fè lyen ak jou sa a ke n ap viv lan! kouman epòk mechan, sediktè sa a pral ye sou tè a! E jis egzakteman sa k ap rive n kounye a akonpli Li. Yo, yo te genyen—yo te ba yo yon chans pou yo wè Li, epi, vwala ke yo te rejte Mesi yo a. E jodia se menm bagay, menm menm bagay la. Nou te gen opòtinite a, paske Bondye pa ka jije san genyen premyèman ... rann jistis pou jijman li a. Kounye a, si w te di yon—yon moun kèlkonk ki t ap desann sou wout la, ak tout vitès; ou ta rete yo, di yo, "Gen yon—yon twou nan wout la anba a la a. Si w kontinye ak vitès sa a, ou pral mouri."

60 Epi yo di: "Blag li ye, m konn sa m'ap fè a." Lè sa a, ou wè, san an pa ka tonbe sou ou, paske w te byen avèti yo. Ebyen, Bondye fè menm bagay la ak Pawòl Li a. Li byen avèti pèp la sou jijman k ap vini an, epi li montre siy li yo ak mèvèy ki predi nan Bib la pou laj sa a. Li montre yo, epi moun yo jis kite sa pase anlè tèt yo. Li pa fasil pou yon moun al nan lanfè. Yon nonm debat pou fè wout li nan lanfè. Premye manti ou te janm di, ou konnen se te mal. Premye sigarèt ou te janm fimen, ou te konnen se te mal. Premye mal ou te fè a, ou te konnen se te mal. Men konsyans ou, te di w li te mal, men ou toujou ap kouri atravè limyè wouj la, ap travèse barikad yo. Ou ensousyan. Ou vle fè li, kanmenm, pou montre ke w se yon potòrik gason. Ou wè? Men, sonje, ou lite pou pran wout lanfè. Li pa fasil pou al nan lanfè. Ou dwe rejte Laverite.

61 Anvan w fè aksidan, ou dwe pase limyè wouj la. Anvan w fè aksidan, ou dwe, anba a sou wout la la a, ou gen—avètisman ke yo te mete. Men, ou menm, ou te gen pwòp fason w fè sa, ke moun yo gen jodi a. Epi li konn plis pase nenpòt lòt moun, epi li p ap koute—siy ak avètisman Jijman k ap vini an, ak moun sa yo ki rejte Kris la.

62 Koulye a remake, e kisa yo te aksepte olye de Kris sa a. Koulye a, panse a legliz la nan jou sa a, avègleman yo a. Yo te rejte yon ansasen piblik, Barabas. Yon nonm ki te pwouve yo

ke l se yon ansasen, e ki te reyèlman ap tann jijman l. Epi li—li te pwouve ke l—se te yon ansasen, e li te yon move moun. Epi jis paske se—se Lavi Jezi a... Kikonk, Li, Li te defye yo. Li di: "Kilès nan nou ki ka akize m ke m peche?" Peche se "enkredilite". "Si m pa fè zèv Papa m, alòs pa kwè mwen; si M pa t di nou Verite Ekriti a. Epi ekriti a te pale pou Mwen, Li menm. Li te di: Sonde ekriti yo, paske nan yo ou panse ou gen Lavi Etènèl, e se yo menm ki bay temwayaj de mwen nan laj sa a.

63 Men yo di: Li fè tèt Li Bondye. Li fè de Limenm yon bagay." Li pa t fè anyen...Bondye te fè L Bondye; Li te Bondye. Li te akonplisman Ekriti a. Li pa janm fè de Limenm anyen. Bondye te fè L sa L te ye a. E alò, se paske se te lè pou Pawòl sa a te akonpli. Kidonk, men yo pa t kab wè Li, paske Se te kont lide denominasyon yo, sa yo te monte kont Kris la. Epi l te twò avègle de Pawòl la.

64 Kounye a, epi anplis de sa, pou yo debarase yo de kanmarad sa a, yo te oblije aksepte yon ansasen, yon menas piblik, tou. Se te yon andètman pou sosyete a, yon andètman pou yo; yon ansasen! Fòk yo te aksepte sa, paske, yo—rejte Kris la. Epi anvan nenpòt gason oswa fanm ka aksepte sa k mal la, yo dwe rejte byen an. Gen yon bagay osijè de lanati, te gen yon lwa pou sa, ke w dwe rejte sa k dwat anvan w ka aksepte sa k mal la. Jan mwen sot site a, pou—pou pa fè yon manti...Ou—ou te di yon manti kont pi bon jijman w. Ou di yon manti kont konsyans ou. Ou te di yon manti kont sa manman w oswa paran w te anseye w fè. Oswa, menm lanati limenm anseye w ke w pa ta dwe fè l. Kidonk, ou menm, pou w rejte Laverite, ou dwe aksepte yon—yon—yon manti, epi w dwe rejte Laverite anvan ou ka aksepte manti a. Ou wè?

65 Kidonk se fason sa a moun sa yo te fè, yo te rejte Verite a. Epi Li te verite a. "Mwen se Chemen an, Verite ak Lavi a." "Nan kòmansman an te Pawòl la, e Pawòl la te avèk Bondye, e Pawòl la te Bondye. E Pawòl la te fè L chè e L te manifeste devan nou." Nan Premye Timote 3:16, "San diskisyon, mistè sentete a gran, paske Bondye te manifeste nan lachè, nou te touche L ak men nou." Bondye, Jewova! Li se—se etonan, siprenan, pou w panse ke Bondye ki te mete—sistèm solè a nan lespas, ki te fè zetwal ki mil fwa pi gwo pase mond sa a...



66 Epi si youn nan etwal sa yo ta dirije l sou tè a, a dimil mil èdtan, sa w konprann, li ta pran yon santèn milyon ane pou rive isit la; li tèlman lwen. Epi de ti zetwal a kote youn lòt, sanble gen yon pous antre yo, de isit la, yo pi lwen youn de lòt ke noumenm de yo. E, poutan, pa t ap gen youn nan yo eksepte sa k kenbe plas li a. Apre sa gwo galaksi sa a, o, lala, mas ak imansite Bondye ki te kapab fè bagay sa yo! Chak nan yo dwe kenbe lòt la. Se rezon sa a li rete jan li ye a. Si yo te soti nan òganizasyon sa a, sistèm nan annantye ta tonbe.

67 Se sa k te pase an Edenn. Lè Èv te kite kòmandman Bondye yo, tout ras la te tonbe. Se sa ki pwoblèm nan jodi a. Nou pa ta dwe divize nan òganizasyon ak denominasyon, elatriye. Nou ta dwe pitit gason ak pitit fi Bondye, pou kenbe gwo galaksi mond lan ansanm.

68 Nouyòk, semèn pase a, mwen t ap koute yon mesaj gran syantifik Einstein, te site, oswa te di a—sa yo rele sèvo a—pou epòk la. E m te—tande sa. Apre sa mwen te al tandè Norman Vincent Peale, sou sikoloji li a sou fason moun ta dwe fonktyone, oswa mache, epi pwojete yo nan sikoloji. Kidonk pou Einstein, li t ap pale de yon galaksi ki te twouve l ant de sistèm yo, ki te lwen zetwal yo. Men, si yon moun te kapab vwayaje nan vitès, mwen kwè li te di, limyè a,... Koulye a, mwen panse, se ki sa , ... katrevensis mil? [Frè Neville di: “San katrevensis.” — Ed.] San katrevensis mil mil pa segonn, limyè sa a vwayaje. Epi kounye a kalkile nan senk minit, konbyen milyon ak milya de kilomèt ou ta dwe fè. Epi youn—san ven milyon ane tan limyè sa ta pran ou pou w rive nan galaksi sa a. Apre sa, san ven, oswa san senkant milyon ane; san senkant milyon depase, ak san senkant milyon pou tounen.

69 Apre sa, yo frape yon bagay ki siprann yo. E yomenm, apre yo fin ale laba a epi tounen, ou ta anreyalite pran twa milyon ane pou fè vwayaj la, twasan milyon ane. Twasan milyon ane pou fè vwayaj la, epi, lè w tounen sou tè a, anreyalite ou te sèlman pati senkant lane. Ou antre nan letènite. Pa gen okenn fen a Sa.

70 Epi panse, ke, Bondye Ki te fè tout bagay sa yo epi ki te plase yo nan lòd, epi ki te pale de sa a, desann e li te fè L chè nan mitan nou, pou L rachte nou. Epi Li t ap onore nou avèk Prezans majestyè Li a, ke Li—Li t ap kanpe la a sou tè peche sa a nan dènnye jou yo, epi li t ap pwouve Pawòl Li a se sa, paske Li gen obligasyon a Pawòl sa a. Amèn. Souverènte ak jistis Gran Èt sa a Ki kenbe bagay sa yo nan men L!

71 Remake, nasyon yo. Legliz la—la dwe rejte Pawòl Li a, an premye. Alò, apre legliz la fin rejte L, epi rele L “yon Bèlzeboul, oswa yon move lespri,” alò yo te mennen L devan gouvènman an, pou ke tout ras la te dwe kondane. Kounye a nou jwenn Jezi, jou maten sa a, devan yon—yon gouvènè, Pilat, yon Women, pou yo jije L. Epi nou jwenn legliz la te rejte L, an premye, paske yo pa t kwè Mesaj Li a, paske yo pa t konnen Pawòl la.

72 Jezi te di yo: “Si nou te—te tandè Moyiz, nou ta kwè nan Pawòl Mwen, paske se li menm ki te pale de Mwen.” Ou wè? Men Pawòl pwofèt la... Ki se, Seyè a vin jwenn pwofèt la, epi pwofèt la te pwononse Pawòl la pou lè k ap vini an. Epi isit la yo te idantifye L, epi Li di: “Nou di nou konnen Moyiz e se li ki gid nou. Nou pa konnen Moyiz, ni nou pa konnen Pawòl li a.” Nan lòt mo, li te di : “Mwen se Pawòl la. Se Mwen ki Pawòl idantifye ke Moyiz te di ki t apral vini an, epi nou kondane M.” Ou wè? Akòz tradisyon yo, ou wè, legliz la te kondane L.

73 Bon, nou jwenn Li kounye a devan Pilat, e Li te konfime antyèman, tou, Li te idantifye pou epòk la, oswa devan legliz la, pa mesaje pou tan an. Yo te ba yo yon chans pou yo wè epi kwè, men yo te rejte Li. Poukisa yo te rejte Li? Anpil nan yo te vle kwè Sa; men tradisyon yo, pa pèp la, men tradisyon yo!

74 Kounye a, ou wè, menm jan Nikodèm te vini nan mitan lannwit, e li te di: “Mèt, nou konnen Ou se yon Anseyan ki soti nan Bondye. Nou konnen ou soti nan Bondye. Pèsonn pa ka fè bagay Ou fè yo si Bondye pa avèk Li. Nou...” Kiyès “nou” li ap pale a? Legliz la, Farizyen yo, dirijan yo nan jou sa a. “Nou konnen. Nou antyèman konvenki ke Ou se Moun sa a.” Alò poukisa yo pa t kapab fè l? Akòz, sistèm yo. Mwen vle sa penetre byen fon, paske se sou sa mwen pral rive. Ou wè? Sistèm lan ke yo te deja fin antre ladann lan, se li ke yo pa t kapab chanje a. Menmsi yo te wè se te Mesi Sa a, men sistèm ak sa yo te konekte a pa t ap kite yo aksepte Li.

Èske nou—nou konprann? Bon mwen vle mande, nan mitan oditwa vizib sa a, konbyen moun ki konprann sa m ap pale a? Leve men nou. Trè byen.

75 Kounye a, yon sistèm! Yo te kwè Li, e yo te konnen sa Li te ye. Konbyen mwen ta renmen di menm bagay sa a jodi a! Nou wè sa ki sipoze isit la jodi a, epi nou wè Li, men sistèm lan p ap kite yo aksepte Li. Yo sitèlman endokrine ak sistèm lan! Ou wè, se pa moun lan, se sistèm lan.

Menm jan mwen te pale de Prezidan an yo te fèk asasinan an. Se pa nonm lan; dapre sa m konnen, li se yon bon moun, li pa janm fè anyen ki mal dapre sa m konnen. Men se sistèm lan. Se pa moun yo la; se sistèm lan.

76 Se pat Jwif yo; se te sistèm yo. Sistèm sa a te kondane L, paske Li pa t tolere sistèm yo a. Eske nou konprann? Kounye a, menm bagay yo rive kounye a. Epi yo te chwazi lènmi piblik sa a, yon ansasen.

Men pwoblèm lan kounye a te enplike gouvènman an. Donk gouvènman an gen pou l pwononse santans sa, paske, pou anlve lavi, fòk li vin devan gouvènman an. Yo pa t gen dwa fè sa, paske yo te anba dominasyon Wòm, e yo pa t kapab anlve lavi kèlkeswa kantite fwa legliz yo te di: “Nou dwe fè sa.” Ebyen, yo—yo pa t kapab fè l san ke Wòm pat ba yo autorizasyon an premye. Kidonk, yo te dwe pote l devan gouvènman an. Kounye a gouvènman an enplike nan bagay la.

Koulye a, si sa se pa yon imaj jodi a, mwen pa wè kisa. Ou wè, se jis egzakteman sa!

77 Legliz la rejte L, kounye a se gouvènman an ki enplike. Lè a te rive kote nasyon an, tout antye, nèt, te dwe vini. Pwoblèm lan te fin poze. Konfwontasyon an te prè. Tout nasyon an te rejte L, e kòlè Bondye te desann sou yo. Epi anvan...Menm legliz la te rejte L, sa t ap pote kòlè sou legliz la. Men koulye a, nasyon an rejte L, pou mennen kòlè sou tout moun.

E, jodi a, mond lan rejte Li, pou pote jijman nan lemonn antye. Tout nasyon yo dwe jije.

78 Epi nou konnen ke sa te rive nan epòk Titis, gwo jeneral Women an. Li te sènen lavil Jerizalèm, epi finalman jis...Yo youn manje pitit lòt; yo manje ekòs pye bwa, ak zèb nan tè a.

Epi—epi Titus te antre tou dwat, li te jis kraze miray yo epi boule vil la, epi san te koule desann—desann nan lari yo konsa, kote li te touye yo la.

E li te oblije. Anvan yon Bondye jis te kapab kite yon pèp, ke Li te chwazi a, vin anba yon bagay konsa, dwe—dwe gen yon rezon ki jis. Li jis. Lwa Li—Li yo reklame jistis Li. E yon lwa san penalite se pa lalwa.

79 Si m ta di, mete yon lwa isit la nan vil la : “Se yon—yon—yon amann si yon moun pase sou yon limyè wouj,” e alò si pa gen okenn penalite pou sa, ou ta jis kontinye pase sou limyè wouj. Men dwe gen yon penalite.

Epi penalite lwa Bondye a, si yon moun rejte pwogram Li a, se lanmò. E te dwe gen yon lanmò, kifè li te dwe peye.

80 Nou kanpe devan menm tribinal la maten an, lemonn antye, yon pwosè. Tout denominasyon yo rejte Pawòl la. Mwen konnen sa parèt trè di. E mwen vle ke minis yo k ap koute, sa yo ki prezan isi ak sa yo k ap koute bann lan, tou, pou yo eseye konprann sa kounye a, ke mwen eseye fè li klè. Men mwen kanpe sou yon pwen, oswa m ap prezante yon pwen isit la, e mwen di ke nou kanpe, jodi a, nan yon lòt sal jijman devan Pilat.

81 Ou di: “Si m te kanpe la, m t ap pale pou Jezikri.” Epi, ebyen, kisa w ap fè ak sa kounye a? Se bagay la sa. Ou wè? “Kèlkeswa jan legliz la te rejte L, mwen t ap kanpe bò kote L.” Ou gen opòtinite a. En-en. Ou wè? Yo, yo te vire do ba Li.

82 Bon yo jije L jodi a, oswa yo jis te jije L, oswa, epi nan tribinal, pou yon sistèm mondyal fòme, nan sa yo rele, konsèy legliz yo, pou—pou—fòme nan—nan Konsèy Mondyal legliz la. Kounye a, e kisa yo fè? Yo te vote ke yo pral absoliman ini tèt yo ansanm epi posede yon konsèy legliz.

Ak Konsèy Legliz sa a, tout legliz yo dwe fè pati konsèy sa a, oswa, si yo pa fè sa, ou pa menm gen dwa preche, ou pa menm gen dwa fè yon priyè pou malad yo. Epi legliz ou a ka itilize pou nenpòt bagay yo vle fè avè l. Si yo vle sere bwat ladan l, oswa minisyon, oswa

tou sa yo vle fè, ou pa gen okenn kontwòl sou li ditou. Se swa w fè pati Konsèy Legliz yo oswa ou pa fè pati ditou.

E se sistèm sa a k ap fòme isit la Ozetazini, k ap akonpli Lekriti, pwen sou pwen. Li akonpli sa Seyè a te di m nan lane 1933, ou wè, e nou kanpe nan tan sa a maten an.

E Jezikri, Pawòl la, nan jijman, jodi a, menm jan sa te ye sou Krisifiksyon an, e kounye a, Li nan men nou. Li nan men mond lan. Pawòl la te klèman idantifye, atravè mond lan, ou wè, e Li kanpe la nan jijman. Tout denominasyon vire do ba Li. E kounye a yo jije L tankou yon...nan Konsèy Legliz yo, e yo rejte L ankò epi yo pito fè menm chwa yo te fè nan epòk sa.

83 Ou wè, lanati repete tèt li nan listwa, paske lanati kontinye menm jan an. Pye bwa toujou kontinye grandi, legim yo leve, flè yo, epi mond lan vire menm jan li toujou fè. Se lanati. Epi nati chak laj pwodui, ankò, epi re-repwodui refleksyon an—an nan sa yon—yon—yon nati te ye anvan yo. E, jodi a, nou jwenn tèt nou ankò kanpe nan menm plas la.

Kounye a, Jezi te "Pawòl la," Sen Jan, 1ye chapit la. Nou tout kwè Sa. Li te Pawòl la. Epi paske li te Pawòl la... Tanpri konprann. Li te Pawòl la, e Li te dwe kont sistèm lan.

Epi yo pa t—yo pa t rejte L akòz mirak Li yo. Yo pa t fè sa. Yo di... Li di: "Kiyès ki ka akize M?"

"E ki mal Li te fè?" ti dam lan di. "Ki sa ki mal Li fè sinon ke geri malad yo?"

84 Li di: "Nou pa kondane L pou bagay sa yo." Ou wè? "Nou kondane L paske limenm, antan ke yon nonm, Li fè tèt Li Bondye." E pwòp Ekriti yo te di ke Li t ap Bondye.

Nan Ezayi, gran pwofèt la ki te ekri swasantsis chapit Liv Ezayi a, epi ki te kòmanse avèk...Nan premye a, tankou kòmansman an; e nan mitan Liv la Jan Batis vini; epi li fini nan rèy Milenyòm lan. Ak swasantsis Liv nan Bib la, tankou gen swasantsis chapit nan Ezayi. Li remakab li tonbe konsa. Ezayi 9:6 sa a, li di : "Nou gen yon Timoun ki fèt, yon Pitit gason yo ban nou; e y ap rele L: Konseye, Prens lapè, Bondye Toupuisan an, Papa etènèl la, Mèveye.

85 Epi tradisyon avèg yo, oswa sistèm yo, pa t kapab wè ke Sa se te Bondye; pa pwofèt pa yo a, ki moun Pawòl la te vin jwenn lan, ki te di ke Li ta dwe Bondye. Sistèm avèg yo! Kifè yo te rejte Pawòl la, epi yo te vle yon ansasen pito, Barabas.

86 E, jodi a, Pawòl la klèman pou jou sa a, yo te konfime L. Li te fè reyèl. Li te montre ke se Laverite. “Epi nan dènnye jou yo,” jan Jezi te di, “tankou sa te ye nan epòk Sodòm yo,” ak lòt bagay, “se konsa sa pral rive lè Fis de lòm lan ap vini.” Bondye a menm, Li menm, Ki te Pawòl la, te predi tan lafen an ak sa ki pral rive; epi Limyè yo t ap jayi nan aswè; e kijan sa, Malachi 4, Li t ap voye bagay sa yo e Li t ap pwouve yo.

87 Epi yo te mennen I nan plas yon desizyon, e legliz yo te rejte L. E kisa legliz yo te vle? Yon ansasen Pawòl la, youn ki pran yon sistèm. Si sistèm lan kontrè ak Pawòl la, alò li se yon ansasen Pawòl la. E yo te vle yon tradisyon denominasyon, nan plas vrè Pawòl manifeste a e Sa pwouve ke Se Bondye pami pèp la; pa lasyans, atravè foto, yon Limyè, menm Zanj Seyè a, Kolòn Dife a.

Menm Sila a ki te viv sou tè a nan—nan kò Jezikri a, te vin sou pèp Li a nan dènnye jou yo, kote lasyans te pran foto Li. Legliz la te wè zèv Li yo. Li antyèman idantifye, pa bann yo ak tout bagay, alantou e toutotou mond lan, e m te egzèse pèsonèlman ministè mwen.

E toujou, nan tout sa, sistèm yo dezire yon Konsèy Legliz pou kondane Verite a. Yo dezire yon ansasen ki ta fèmen, oswa sispann, oswa fèmen deyò. E, li pral fè li, yo pral sispann yon Bagay konsa. E Konsèy Legliz yo pral gen pou fè sa. Men mak bèt la; antikris, kont Pawòl la, ki se Kris la. Men se pa kredi yo-...

88 Yo panse se tradisyon. Yo panse ke tradisyon yo soti nan Bondye. Ou wè? Men li p ap kanpe ak Pawòl la, e ni Bondye p ap konfime I tou. Jezi te kanpe ak Pawòl la, men pa avèk konsèy yo; men ak Pawòl la. Epi Pawòl la te pwouve se Li ki Bondye.

Epi Li pwouve jodi a ke Se Bondye, paske L ap viv menm Lavi a, Li fè menm bagay la nan mitan nou ke Li te fè nan tan pase yo, e ke Li te predi.

89 Ki sa yo fè? Yo aksepte yon bagay ki...Yo aksepte deja, sistèm lan menm ki pral kloure Sa a sou kwa. E krisifiksyon libète entèdenominasyonèl la tou pwòch. Se vre.

90 Kounye a, sa pa kontredi Lèzekriti. Se ann akò avèk Lèzekriti. “Epi yo fè yon imaj ki sanble ak bèt la.” Ini denominasyon mondyal yo nan yon sèl Pwotestan, pou fòme mak bèt la, imaj bèt la, dapre Apokalips 13:8. “Epi yo fè yon imaj ki sanble ak bèt la.”

*Bèt la se "Wòm".* Nou tout konnen sa. Men se te toujou Wòm, tout... Ki jan sa ka—ki jan sa ka Larisi, lè Bib la di Wòm? Ou wè, moun yo gen yon move enpresyon. Ou wè? Ki jan li ka yon lòt bagay, lè li te predi ke li dwe soti nan Wòm?

91 Tounen nan Danyèl ankò, fè a ak ajil la ki nan pye yo; fè a pa janm sispann, soti nan jenou yo desann nan fen an. E nenpòt moun konnen ke yo potko menm konnen Larisi nan epòk sa a. Se te Wòm. Dragon wouj la se te Wòm. Se toujou Wòm. Epi fè sa a pa janm chanje nan yon lòt bagay, soti nan Wòm nan yon lòt bagay; li te rete Wòm. E bèt la se Wòm!

92 Epi Wòm nan te gen yon sistèm relijye ki gen yon tèt mòtèl...oswa yon blesi mòtèl ki te touye I nan tèt li, men li te reviv ankò, soti nan Wòm payen rive nan Wòm papal. E kounyeya, yo dwe fè yon imaj bèt la ki soti nan Apokalips 13 la.

Èske w te janm remake? Nasyon sa a gen trèz, epi li parèt...Mwen pa di sa a se...Se—se etranj, sepandan, ke li ta rive matematikman, ma-...jis egzakteman nan lòd ak Lekriti. Yo jwenn li nan 13yèm chapit Apokalips la, nasyon sa a.

93 Tout lòt bèt yo soti nan dlo, sa ki reprezante epesè ak anpil moun, Bib la di; men ti bèt sa a te soti sou tè a, kote pa t gen moun. Poutan, li te yon ti mouton, libète relijyon; answit li pale tankou yon dragon, epi li mete tèt li ansanm ak pouvwa a epi li fè tout sa dragon an te fè anvan I. Egzakteman. Kifè men ni. Sa—sa dwe jis konsa. Pa gen lòt fason pou kontoune I.

94 E men nou, jodi a, n ap fòme yon sistèm. Yon sistèm! Nou pa ka tann jiskaske kèk... Nou te eseye fè tout moun vin yon—yon Literyen; epi nou pat kapab fè li. Nou te eseye fè yo tout vin yon Batis; nou pa t kapab fè li. Tout vin yon Metodis, oswa tout yon Pannkotis; yo pa t kapab fè li. Kidonk, pou fè sa, tan an si tèlman kout, yo te fòme yon konsèy, yon tèt, yon imaj

bèt la. Se egzakteman sa yo te fè. E kisa li ye? Krisifiksyon Pawòl la, ankò, li pwòch. Li nan pwosè epi li pral parèt byento nan ajanda pou jounen an.

95 Remake, Pawòl manifeste a, ki soti nan denominasyon an. Li manifeste. Diferans ant Pawòl la—la ak denominasyon an.

Kisa sa ye, kisa sistèm sa ye? Se yon satelit pou Wòm. Èske Bib la te di li t ap sa? Wi, mesye! Apokalips 17, yo te wè Wòm leve tèt li nan yon sistèm eklezyastik, nan yon fanm. Yon fanm, legliz la toujou reprezante pa yon fanm.

Paske Lepouz Kris la se yon fanm. Èv te sila ki te tonbe a; se Sila yo te dwe rachte a. Epi Legliz la (se kisa?) se yon fanm ki rachte.

96 Epi fanm sa a te chita sou bèt la ak sèt tèt. E nou konnen sèt ti mòn yo, ak lòt bagay, jan Bib la te di li t ap ye. Pa gen okenn erè. Pa gen okenn chans pou yon erè. Ou wè?

Epi remake alò, nou jwenn, ke li te yon "MANMAN PWOSTITYE." Ou wè? Epi manman ak pitit fi ini ansanm ankò nan amitye. Kote, yon fwa, pitit fi a te kouri kite manman an, pou eseye viv desan, paske manman l te sitèlman tonbe ba nan mechanste jiskaske ti fi a kite kay la. En-en. Men kounye a, depi li te kòmanse gen yon ti laj, limenm, epi li t ap fè anpil bagay ki mal, limenm; li wè manman l, li panse manman l te gen rezon, kifè l ap fòme pwòp sistèm pa l. Ou wè? Egzakteman.

97 Inyon denominasyon yo, Pwotestantis la, akonpli egzakteman sa Ekriti a te di konsènan Apokalips 17 la. "Tout moun ki pa t gen non yo ekri nan Liv Lavi Ayo a, se pou li." Youn oswa lòt la, swa bèt la oswa imaj bèt la. Bib la di sa.

Epi Jezi te pale de sa a, pa kòm kominis. Men nan Matye chapit 24 la, kòmanse depi vèsè 21 an rive nan vèsè 26 la, Li te predi ke lespri a nan sistèm sa a t ap tèlman sanble ak bagay reyèl la jiskaske li t ap twonpe menm Eli yo si li te posib; Eli yo, ke yo mete non yo nan Liv Lavi Ayo a anvan fondasyon mond lan. E, franchman, sa te tèlman mare yo, jiskaske Li te di si Li pat rakousi tan an, poutèt yo menm, pa t ap gen okenn chè ki sove sou tè a. E nou gen sèlman...



98 Sa a se—sa a se 64, pa vre? E mwen panse ke yo deklare gen anviwon disèt lane ke yo koupe nan sa, donk, dapre kalandriye a. E nou gen 64, 1964, ki pral fè (kisa sa ye?) trantsis ane ki rete, nan ventyèm syèk la.

E chak demil an, mond lan rive nan fen sistèm monn li a, sistèm relijye a, nan fen tout sistèm yo, e Bondye te oblije entèveni ladan l. Li te fè l nan tan Noe a; premye de mil an. Dezyèm demil an; sistèm nan tounen kote tèks nou an rele, maten an, epi Li voye Pawòl Li ankò. Li te voye Pawòl li pa yon pwofèt, nan tan Noe, pwofèt Noe; epi moun yo te rejte L, pou sistèm yo. Li te voye Pawòl Li ankò nan tan Jezi a, Pawòl la manifeste nan plenitud la; moun yo te rejte L. E kounyeya se 1964, kite trantsis lane sou kote anvan menm de mil ane an plis yo; epi Pawòl la te parèt, epi sistèm lan te rejte Li.

99 Konbyen nou pre? Li ka pi ta ke nou panse, ou wè, sa ka rive nenpòt ki lè. Petèt li te deja rive, pou tout sa nou konnen, jan mwen te pale dimanch ki sot pase a antan m te isit la. Dènye non an ka deja nan Liv sa a; lè sa fèt, pa genyen plis k ap antre. Monn lan ap avanse menm jan li te ye a, men Legliz la sele. Remake kounye a pandan n ap kontinye isit la. Non yo, kounye a, li pa pral twonpe moun ki gen non yo ekri ladan l.

100 Kisa sa ye? Li dwe yon sistèm. Ou wè? Epi jis panse, pou fè pati denominasyon sa a nan sistèm sa a, kisa ou fè lè sa a? Ki kote w fè? W ap sele lwen Pawòl la, ou wè, nan yon sistèm ansasen ki pran : “Gen yon fòm lapyete, men ki nye Pwisans li a.” Se mak bèt la. Egzakteman. Ou wè?

101 Se bèt la ki la a, sa li te fè; epi men imaj la, menm bagay la. Epi bèt la te tèlman gran, se li ki te fòme gwo legliz inivèsèl sa a nan Nise, ou wè, yo te fè tout—tout mond lan vini nan sa a, nan sistèm sa a. E yo te panse li te tèlman gran, “Pèsonn pa t kapab fè lagè ak yo,” Bib la te di, jiskaske yo te fè yon imaj pou bèt la, epi yo te mennen tout Pwotestan nan Konsèy Legliz yo; ki te fòme yon sistèm, ke ou pat menm te konsidere kòm Kretyen oswa nenpòt lòt bagay sof si ou fè pati sistèm sa a.

102 Gen diferans ant mak bèt la ak So Bondye a. Bondye sele pa Pawòl Li. Ou kwè Pawòl la fè sa? [Kongregasyon an di: “Amèn.” — Editè a.]

Kounye a ou di: "Èske se vre, Frè Branham?" Wi mesye.

103 Kounye a, mwen konnen nou menm obsèvatè Saba yo, oswa nou menm Advantis Setyèm Jou yo, nou di: "Respekte jou Saba a." Men, se pa sa. Se pa pou fè dezagreyab avèk nou, men se absoliman pa konfòm ak Lekriti.

Efezyen 4:30 di: "Pa fè Lespri Sen Bondye a lapenn, ki sele nou jouk jou redanmsyon nou an." Ou wè?

104 Kounye a, Sentespri a se Pawòl la. Bondye pa twa. Li se menm Bondye nan twa dispansasyon, twa ofis. Bondye, Papa a, sou lalwa; Bondye, Pitit la, nan lagras; ak Bondye, Sentespri a, jan nou rele L, menm Bondye a nan dispansasyon Sentespri a. Bondye, Papa a, se te Pawòl la; Bondye, Pitit la, se te Pawòl la; epi Bondye, Sentespri a, se Pawòl la. Ou wè, se jis twa ofis. Epi pou re-...Epi Sentespri a sele w, se poutèt sa ou sele pa Pawòl la.

Kounye a ou di : "Ebyen, mwen sele pa..."

105 Ebyen, alò, li idantifye tèt li. Ou wè? Sa pwouve. Ou pa ka fè pati yon sistèm, epi pou w sele ak sistèm lan epi Pawòl la, ou wè, paske li se kontrè, youn ak lòt. Ou pa ka fè sa. Trè byen.

Koulye a, nou jwenn, ke, mekanik gwo machin yo, mekanik gwo machin yo, se sa ki pou...

Machin lan, li gen ... yon otomobil, li gen piston, tiyo, ak kabiratè, e latriye. Sa—sa se mekanik yo.

106 Mwen ta renmen di yon bagay a Legliz la isit la, ki vin nan memwa mwen. Ou wè, se sa ki...Mwen kwè nou tèlman pre fen a, mwen—mwen pral di yon bagay kounye a. Ou wè? Ou wè? Mekanik la—la, gen anpil moun k ap eseye eksplike mekanik la alòske ou pa konnen li. Ou wè? Sèl bagay ou... Epi, ou konnen, ou ta dwe konnen li. Yo konnen mekanik la. Koulye a, e si Moyiz...

E si yon moun ta di : “Noe, mwen vle ou eksplike mekanik la—la ki jan lach la fè flote. Kòman sa?” Li pa t ap kapab fè l.

Ou pa bezwen konnen mekanik la; jis Dinamik Li. Ou wè, Dinamik la se sa ou vle konnen.

"Kijan?" Ebyen, si yon moun vin jwenn pèp Izrayèl la, li di: “Tande, Moyiz, mwen vle konprann. Ki jan ou te ka kreye zannimo ak pwòp pawòl ou a?”

107 Li di, li di: “Se pa pawòl mwen. Se Pawòl Bondye a. Li te di m pou fè l.” Ou wè?

108 “Mwen—mwen—mwen...Koute, eksplike m ki jan ou fè mouch vin sou tè a, lè pa t gen okenn, anpil mouch sou tè a.” Ou wè? Moyiz pa t kapab eksplike li, li menm. Ou pa oblije. “Ki jan ou fè van lès la vin soufle yon twou nan lanmè Wouj la, epi nou tout te swiv ou sou tè sèk? Eksplike mekanik bagay sa. Ki—ki—ki sistèm ou te itilize a, Moyiz? Kisa? Di m rechèch syantifik ki atòm ou libere. Ou wè? Ou wè?”

109 Li pa t konnen l. Li, ebyen, li pa t konnen mekanik la; li te jis konnen dinamik la. Epi—epi se fason an.

Mwen pa ka di w kijan m ap viv. Mwen pa ka di w kijan w ap viv, men w ap viv. Mwen pa ka di ki jan kè ou, ak manje ou fonksyonnen epi pou fè san. Epi li pran fòs manje sa a, epi—epi li antre nan twazyèm pawa tras entesten sa a epi li transfòme l an san pou lavi, epi li voye l atravè kò ou. Mwen—mwen pa ka eksplike sa, men li fè li. Ou wè, li fè li. Mwen—mwen pa ka eksplike l. Mwen pa konnen mekanik la. Se dinamik la.

110 Kounye a, Moyiz te gen dwa konnen mekanik lan, men se pa t djòb okenn lòt moun pou konprann li, eksepte Moyiz. Yo te konnen li te fonksyone, e sa te sifi. Poukisa pèp la pa ka satisfè konsa jodi a? Ou wè? Tout moun pa ta ka yon Moyiz. Te gen yon sèl Moyiz. Yo jis te konnen se te Bondye. Yo te wè se te Bondye.

Epi yo te swiv e yo te byen fè jiskaske yo te kòmanse kesyone li, yo te vle sisite yon lòt moun pou fè menm bagay la, Kore, Datan. Epi lè yo gen yon moun pou pote kèk imitasyon chanèl, finalman Bondye te di, “Separe tèt ou. Pa antre nan sistèm òganizasyonèl sa a. Ou

wè, soti ladann! Mwen pral anglouti l." Epi li te louvri tè a pou anglouti l. Ou wè?

111 Ou pa konnen, ou pa oblije konnen mekanik lan. Jis konnen dinamik lan, bagay ki bay batman, ki rann li vre, epi wè si l atenn sib ke Bib la te pwomèt li t ap frape jodi a. Ou wè, se Pawòl la ankò, tounen nan Pawòl la.

112 Kounye a, gwo machin nan ap monte kounye a, e li pare pou l deplase. Mekanik la deja la. Yo te deja gen sistèm mekanik lan nan yon òganizasyon ki pral pote, "yon lapè," sou tè a, yo di. Yo te resevwa yon... tankou yon Nasyonzini.

Nasyon yo ini ansanm. Se yon tan inyon. Mwen fèk preche sou li, dènyèman. La...Yo ap ini ansanm, pou pote kisa? Yon mond ak lapè. Yo te fè sa nan Lig Nasyon yo. Yo te toujou fè sa, epi li pa janm mache. Li pa ka fonksyone. Nasyonzini pa anyen men yon gwo balon kawotchou k ap balote pa van doktrin chak nasyon yo. Li pral eksploze epi efondre pa nenpòt ti bagay. Li pa ka fonksyone.

Ni Konsèy Legliz yo pa kapab fonksyone. Se yon òganizasyon moun fè, kontrè ak sistèm nan...oswa ak sistèm yo ki kontrè ak Pawòl Bondye a, epi li pa ka fonksyone. "Ki jan de moun ka ap mache ansanm sof si yo dakò?" Ou pa ka fè s. Alò kijan legliz kretyen an ka, pral oblije...

113 Pannkòtis yo, Asanble de Dye yo, ak lòt—lòt gran legliz nan—nan wayòm Pannkòtis la, ak nan Moun Ranpli ak Levanjil yo, kijan yo ka pèdi ansèyman evanjelik yo, veritab prensip ke yo te kanpe sou yo a? Epi kote yo te leve, soti nan òganizasyon sa yo epi kondane li; epi yo dwe pèdi doktrin evanjelik yo, pou yo mache ak moun ki pa dakò sou prensip Bib la, ak Gerizon Diven, ak pouvwa Bondye a, ak Jezikri. "Ki jan de moun ka mache ansanm si yo pa dakò?"

114 La ou ye, se lè nou rive, e se lè sa a gwo machin ki mete sou pye. Koulye a, yo te gen mekanik yo. Sèl bagay yo dwe genyen se Satan, ak dinamik yo, pou fòse mak bèt la. Lè li fòse desann, Lè sa a, dinamik yo ap fonksyone. Mekanisyon yo la. Yo deja genyen yo.

115 Kite m di yon bagay tou; tan inyon sa a , yo wè legliz yo ap ini, nasyon yo ap ini. Se yon tan inyon Bondye ak Epouz Li a,tou. E mwen di sa ak reverans epi respè. Mwen kwè ke Epouz Kris la aple. Mwen kwè Li sele nan Wayòm Bondye a. mwen kwè ke mekanik yo la. Yo ap tann Dinamik yo ki pral wete Li sou tè a, nan Laglwa, nan Anlèvman an. Mwen kwè li ak tout kè mwen. Wi, mesye. Nou pa konnen kijan Li pral fè sa, men Li va fè sa.

Li se Dinamik yo. Nou jis vin yon manm nan machin nan, nan Kò li, fòme tèt nou nan imaj Li, epi wè Li ini tèt Li avèk nou, nan zèv Li yo, ak kado lanmou Li, menm jan Li ban nou yo jis anvan Soupe maryaj la. Epi nou ap tann, n ap gade pou sa.

Gwo legliz yo a dwe ini.

116 Dinamik Legliz sa a pral yon ranplisaj Sentespri a ke nou te itilize nan yon ti mezi pandan ke Pyè fetyè a ap vini desann pou ini ak Kò a. Men, lè tèt ak kò sa a ini ansanm, tout pouvwa Sentespri a t ap leve l jis konsa egzakteman; menm mò yo, ki mouri nan Kris, depi dè santèn ane de sa, pral leve nan bote Sentete Li a, epi pran yon vòl nan syèl la. Dinamik yo se Sentespri a.

117 Kounyeya dinamik gwo rejim ke yo te bati a, gwo machin sa a pral travay yon jou nan inyon konsèy de Konsèy Legliz Mondyal la, ki pral fè yon presyon, tou. Sonje-...men sonje...

Ou di, "Lè sa rive..." Li pral twò ta lè sa a pou ou. Ou deja ladan l. Kit ou vle, oswa pa vle, ou deja la. Ou wè? Remake, ou deja gen lespri sa a sou ou.

118 Nan jou kote van Lespri a ap soufle soti nan lès, nan nò, nan lwès, ak nan sid, konvenk moun yo soti nan li, epi montre pèp la!

Se rezon ki fè mwen te tèlman kont sistèm sa a. Mwen te wè te gen yon bagay la, yon fènwa. Menm jan mwen te wè fason yo te mete bagay sou figi fi yo, mwen te di ou dimanch pase a, mwen te konnen gen yon bagay k ap vini.

118 Nan jou a, lè van Lespri a ap soufle soti nan lès, nan nò, nan lwès, ak nan sid, konvenk moun soti nan li, epi montre pèp la! Se rezon ki fè mwen te tèlman kont sistèm sa a. Mwen te wè la te gen yon bagay la, yon fènwa. Jan mwen te wè yo fanm jan yo te mete bagay sa sou figi yo, mwen te di ou dimanch pase a, mwen te konnen te gen yon bagay ap vini.

119 Poukisa mwen te toujou kont bagay sa yo? Mwen pa t konn sa; mwen konnen li kounye a. Poukisa mwen te toujou kont relijyon òganize? Se paske (mwen wè li kounye a) se mak bèt la. Ou wè? Mwen pa janm di sa jis nan dènye semèn sa yo. Ou wè?

Kounye a, apre politik legliz la, kisa k ap pase? Apre Pawòl la te vrèman konfirme? Kounye a, ou wè, li te finalman rive nan yon kote ki te dwe yon arajman. Pwochen mouvman yo kounye a se te...

120 Ki pwochen mouvman Juif yo te fè apre legliz la te rejte Li? Legliz te vire do bay Pawòl la. Yo pa t vle konn anyen de Li. "Li se te yon move lespri." Li te konnen panse ki te nan kè yo. "Se te yon move lespri." Poutan, Se te Pawòl la. Zèv li te fè yo te temwaye de Li, konfime Ki moun Li te ye. Yo pa t vle konn anyen de Li.

Answit, pwoche bagay la, yon gouvènman ap vini. Epi sa a se yon legliz gouvènman an, paske tout nasyon yo enplike. Te gen yon nasyon payen ki te kontwole yon nasyon relijye.

Kounye a, se, tout bagay se relijyon, kidonk li dwe vini de yon relijyon mondyal.

O lala, yon avèg te kapab wè sa! E kisa yon avèg di lè li wè sa? Lè li wè li, li pral soti nan sesite li.

121 Remake la lè konsèy mondyal sa a reyini, "Kisa ke pral nou fè ak Jezi sa a yo rele Kris la?" Yo sètènman pa vle konn anyen de li. Se konsa, gen yon sèl bagay yo fè, alò, egzakteman sa yo te fè lè sa a, yo pral kloure Li sou kwa, sètènman, fèmèn Li. "Li pa kapab ankò. Li p ap gen dwa fè li." Fòs relijyon nasyon yo p ap kite yo fè l ankò. Yon ministè ki ale pa isit la, ak bagay sa yo, yo pral absoliman fèmèn yo deyò. Ou pa ka aji san yon sanksyon ki soti nan katye jeneral la, chèf nan legliz la, wè, yon imaj pou bèt la. O! Nou rive la, se tou. Nou—nou—nou te rive.

Ak vrè konfimasyon; pwochen mouvman se kloure l sou yon kwa.

122 Menm jan ak kounye a, sa ki lakòz ke tout moun ki pa rantre ladan l, yo pral fèmèn deyò epi yo pa gen dwa preche, ou wè. Sa krisifye, ankò, la Pawòl pwomès konfime a. Stope li, "Ou pa gen dwa genyen li non plis. Pa gen sèvis gerizon ankò. Pa gen priyè pou malad ankò. Non, mesye! Ou pa ka fè li. Non, okenn nan lòt sa a. Non, mesye! Ou pral pase atravè Konsèy Legliz yo oswa ou pa p genyen l ditou."

123 Kounye a ou ka wè poukisa mwen kont relijyon denominasyonèl, paske se mak bèt la. Wòm se tèt li, premye a. Se sa egzakteman. Epi li lakòz tout pran li gras a inyon pitit fi yo, sa se imaj la. Manman an te fè menm bagay la. Kote Wòm te premye òganize? Ki premye relijyon ki te òganize nan mond lan? Katolik Women an. Nenpòt moun ki gen yon mo ki di se pa konsa, jis kite m tande l. Li pa isit la. Premye òganizasyon, premye legliz ki te janm òganize, se te Nise, lavil Wòm. Wi mesye. Epi se egzakteman sa yo te fè.

124 Epi kisa Luther te fè apre lanmò li? Yo te fè menm bagay yo te fè nan Nise, lavil Wòm. Kisa yo te fè apre Wesley? Kisa yo te fè apre tout gwo mouvman ki te vini yo? Yo te fè menm bagay la, yo te fè tifi pou prostitiye a, menm jan pafètman. Tankou, pa menm nan, nou jwenn isit la ...

125 Mwen te gen yon ti vèsè ekri isit la. Li petèt preferab pou mwen omèt sa. Men, epi gade, yo te gen ...

Òganizasyon legliz la gen menm sistèm nan ansanm jodi a. Sèl bagay yo bezwen se dinamik yo, jis yon bagay ki mete l an aksyon . Epi l ap vini nan yon konfwontasyon, touswit.

126 Legliz Katolik ak legliz Pwotestan yo pral vin zanmi. Mwen te di nou sa depi lontan, depi apeprè trant lane. Yo pral ini ansanm. Epi ou wè egzakteman sa yo ap fè kounye a. Pwotestan

an p ap janm vin Katolik, men yo pral asosye nan yonfratènite, yon mak bèt la, sanblab ak bèt la.

127 Menm jan ak menm mwayen ke manman Èv, te kòwonpi lemonn antye nan yon lanmò fizik. Manman Èv! Koute. Manman Èv te kòwonpi tout ras imèn nan, pa lanmò fizik, (kijan?) pa rejte Pawòl la epi aksepte yon bagay ki prèske tankou Li. Li te koze tout lanmò fizik paske li kite vrè Pawòl la, li kwè nan tout vrè Pawòl la sof yon ti kras. Yon ti dezakò ak Pawòl total Bondye a te lakòz tout chagren, chak lanmò ak tout bagay ki te janm sou tè a. Èv fè li, manman lanmò a. Kounye a ou wè ki kote nou ap vini? Manman lanmò a, remake, li jis pa kwè Pawòl la.

Li te di: "Bondye di..."

Satan di, "Se vre."

"Bondye te di..."

"Se vre."

"Bondye te di..."

"Se vre."

"Bondye te di..."

128 "Wi, sa, se egzak. Nan—nan yon fason, se vre, men, ou wè, sa— sa—se pa jis sa. Ou wè, ou pral—je ou pral louvri, ou pral..."

Men, Bondye te di, e sa rezoud li, Pawòl la! Ou wè, li te kòmanse avèk jis yon ti move entèpretasyon de Pawòl la, epi, menm bagay la, li fini menm fason an.

129 Remake, yon pitit fi se pwodwi yon manman ak papa, pa yon inyon. Kounye a, isit la se yon bagay chokan. Men, lanmò, fizik, lanmò fizik se inyon manman Èv ak Satan, ansanm, lè yo pa kwè Pawòl Bondye a. Yo te ini epi yo te pote nan—pwodwi lanmò a. Li,... Lanmò se yon pwodwi de inyon Satan ak Èv, ansanm.

130 Èv te gen Pawòl la. Satan kont Pawòl la. Epi, ou wè, prèske Katrevendisnèf ak katrevendisnèf sanyèm nan Li, Satan te admèt te kòrèk. Bib la te di: "Tèlman pre, nan dènye jou yo, sa t ap twonpe moun Eli yo si li te posibil." Gade kijan li vini, kijan li te toujou ye, kòman sa ap soti? Menm jan an tou, inyon enkwayans nan mitan tout Pawòl Bondye a. Ou konprann li? Se sa ki te pote lanmò, se inyon enkwayans ak Pawòl la. Enkwayans, jis yon ti kras, yon ti pati nan li; ti, ti kras, miniskil, yon santchèm de en pousan. Men, li dwe san pousan! Se tou.

131 Remake, pitit fi Bondye a, Legliz la, Epouz la, se yon pwodwi tou de Bondye ak Pawòl li a, ini. Sentespri a ini nan yon kò, Li te pwodui Fis Bondye a, yon pwodwi de dwati Bondye. Epi nan dènye jou a, jan yo di nou, "tankou sa te ye nan epòk Sodòm nan," Epouz la pral ini pa Pawòl Bondye a ki te manifeste nan lachè, Sentespri a sele yo nan Bondye, epi sele enkredilite soti, sou deyò.

132 Jan mwen te di a, si lavi Beethoven te nan ou, ou ta p viv tankou Beethoven; si lavi Hitler te nan ou, ou ta p viv tankou Hitler. Alò lè Lavi Kris nan ou, ou pral viv tankou Kris, epi zèv Kris la ou fè. Epi sa pral konsa. Si Kris la te viv jodi a, li ta fè egzaktman sa Pawòl la te di li t ap fè jodi a. Epi Pawòl la te di ke, "Li se menm nan yè, jodi a, ak pou tout tan." Poukisa mond eklezyastik avèg sa pa wè nan ki tan ke yo ap viv la? Ou wè?

133 Èv te lakòz tout lanmò fizik, nan eseye enjekte kèk erezi Satan nan Pawòl la. Epi se menm bagay ki te rive a legliz, nan Nise, Wòm, nan pran kredo olye de Pawòl la. Se sa menm bagay la nan Metodis, Batis, Presbyterian, kòm Limyè a parèt nan chak laj epi yo refize l.

Se rezon ki fè mouvman Lutheryen an te mouri lè Wesley te leve. Se te nan yon lòt laj. Pawòl la te parèt, e yo te oblije aksepte Li oswa mouri. Se rezon ki fè pentkotis yo ap mouri kounye a, paske laj la se isit la. Pawòl la te parèt klè, tan Ègl la, tan Pawòl la retounen ankò, "retabli Lafwa papa yo, tounen nan timoun yo ankò." Epi yo tèlman ini, yo refize Li, epi se pa anyen dot ke lanmò espiryèl. Depi toujou...

134 Kò Bondye a, ini antanke Epouz Li, se youn; Li menm ak Kris la, ansanm, Lespri a ap travay nan kò Legliz la menm jan li te travay nan kò Jezikri, paske Li fè pati de kò Li. Pa de; men Youn! Yo se youn. Yon mari ak yon madanm pa de ankò, men yo se youn. Epi Kris ak kò Li se youn. E menm Lespri ki te nan Kris la nan Epouz Li, nan kò Li, ki ini yo ansanm ak tout Pawòl la. Epi Bondye k ap viv la, Li menm, ap manifeste Li.

135 Epi antikris la, se lè w di, "O, mwen kwè nan Kris, mwen kwè nan Levanjil la, mwen kwè nan Bagay sa yo, men, ou konnen..." Se sa menm. "Men, ou konnen, jou mirak yo pase. Pa gen bagay konsa vrèman, ou wè." Se sa menm. "O, mwen pa kwè ou dwe batize nan Non Jezikri."

136 Men, Bib la te di ou dwe fè sa. Kounye a mwen vle kèk teyolojiyen ki pa dakò ak sa. Ou wè? Ou wè? Ou dwe fè sa. Ou di, "Oke, batèm pa fè okenn diferans." Ebyen, poukisa li te ekri? Poukisa li te fè yon diferans pou Pòl? Poukisa li te fè yon diferans pou tout rès yo? Ou swa batize...

Bib la te di: "Ou gen yon non pou viv, epi pou mouri." Paske pa gen yon lòt non ki bay anba Syèl la.



Poukisa ou pral preche nan Li, lapriyè nan Li, tout lòt bagay, men, lè ou Vini nan pisin lan, ou rejte Li? Uh-huh. Ou wè?

Mwen te di yon nonm lòt jou a, mwen te di, "E si yon nonm..."

Li te di, "Sa pa fè okenn diferans."

137 Mwen te di, "Si yon moun vin jwenn ou, answit te di li te batize nan non 'Roz Shawon an, Lis de Lavale a, ak Etwal di Maten an, ou ta di li kòrèk?"

Li di, "Non, mesye."

Mwen te di: "Èske w ta rebatize l?"

"Wi."

Mwen di: "Ki jan ou ta p batize l?"

Li te di: "Nan non 'Pè, Fi, ak Sentespri'."

138 Mwen te di, "Oke, kounye a ou te fè egzakteman, ou te plase... Si ou rele 'non' sa yo, ou te fè menm bagay lè li te di, 'Roz Shawon an, Lis de Lavale a, ak Etwal di Maten an,' paske se yon tit, epi 'Papa, Pitit, ak Sentespri' se yon tit. Ou wè?"

Li te di, "Men, Jezi te di batize, 'Non an'."

139 Mwen te di: "Se egzakteman sa li te vle di. Men, kisa ki nan, pa-pa... Li pa t di: 'Rele mo sa yo.' 'Batize yo nan Non,' Non! O lala!" Mwen te di, "'Papa, Pitit, ak Sentespri' se tit yo ye. 'Non Pè, Fis... Non Pè, Fis, ak Sentespri a.' Ou wè?" Mwen te di, "Kisa Pyè te di Li te ye? Kisa rès yo te di Li te ye? Ou wè? Kisa Li te ye? Uh-huh. 'Seyè Jezikri' se Non an 'Pè, Fis ak Sentespri a.'" Li gen anviwon trant mil natif natal li pral oblije rebatize ankò kounye a. Ou wè? Trè byen. Men, se kòrèk. Pòl te di: "Si yon zanj ki sot nan syèl la..."

140 Pòl te di moun sa yo ki pa t batize nan Non Jezi Kris, Ak 19:5, ke, pou yo resevwa Sentespri a, yo te oblije vini. Menm si yo t ap kriye, yo t ap fè lwanj Bondye, yo t ap fè gwo bagay sa yo, li te di yo te oblije tounen epi yo dwe rebatize, ankò, nan Non Jezikri. Apre Jan Batis te fin batize yo, te gen pou tounen vinn rebatize.

Epi li te di, nan Galat 1:8, "Si yon zanj ki sot nan syèl la anseye nenpòt lòt bagay ke sa mwen te moutre w la, se pou li modi." Wi mesye. Se konsa, nou dwe rete dwat ak Pawòl sa a, chak Pawòl Li. Ou wè?

141 Remake. O, pa gen okenn defo; ou dwe absoliman asire w. Si genyen nenpòt bagay ki

koz dout nan lespri w, pito ou rektifye l kounye a. Pa ret tann jiska lè sa a, li twò ta. Pa tann jiskaske ou pran mak la tèlman fon ou p ap janm wè Li ankò, ou pral avègle.

Li te avègle pèp Izrayèl la, pou li te kapab manifeste Pawòl li a. Li ap fè menm bagay la pou moun lòt nasyon yo, paske isit la—isit la yo ap mache dwat nan li menm jan yo te fè lè sa a.

142 Remake, Èv te rejte epi pèdi dwa li yo. Apre li te wè Bondye konfime Pawòl la, sa Li te fè, li te rejte l epi pèdi dwa li yo. Menm bagay yo te fè nan Nise, lavil Wòm. Epi menm bagay yo ap fè kounye a nan Konsèy Legliz yo, egzakteman. Frè m yo, gen menm bagay la, depi nan Jenèz rive nan Revelasyon. Se sa pèp Izrayèl la te fè. Se sa Pilat te fè. Se sa ke tout bagay la te fè, toujou, depi Èv jouk kounye a, menm bagay. Yo rejte Pawòl konfime a epi pran yon kredo, de preferans. Ki fòm lanmò, lanmò espiyèl.

Mouri! Pawòl la kontinye preche bay mò yo. Egzakteman! Se pa pral atravè Milenyòm la, kounye a, ou wè. Yo-yo deja ap tande predikasyon. Petèt l ap resevwa li kounye a. Ou wè?

143 Pitit gason Kayen yo, ki te pwodwi enkwayans de Pawòl Bondye a, Pitit gason Kayen yo te pase mesaj pwofèt Noye a nan betiz. Ou remake sa? Ak Pawòl Bondye a li te pote jijman anonse a, e li te genyen siy vivan, siy konfime ke tan an te nan lafen, epi pitit gason kayen yo te pase Li nan betiz.

Se konsa jan yo fè kounye a. Se konsa, ke, yo te fè nan jou Jezi a. Se konsa yo te fè atravè tout laj yo. Li te toujou konsa. Yo pase l nan betiz epi yo fè blag. Li te di: “Nan dènye jou yo, moun k ap pase nan betiz yo pral vini, y ap di: ‘Pa gen diferans nan tan an, depi zansèt nou yo te andòmi.’” Ou wè?

144 Se konsa, pitit dyab yo te fè, atravè sistèm relijye a, lè Pawòl la te manifeste nan tan Jezikri a. Ou wè, sistèm relijye pèp jwif la, (Sè Rose), pèp jwif ki ta dwe konnen mye, men sistèm yo te lakòz yo rejte epi pase nan betiz Pawòl Bondye a (ke yo te deklare ke yo te kwè) te manifeste, pa yon sèl Pawòl ki pa t nan plas li. Yo te fè menm bagay la.

145 Menm jan yo fè jodi a. Sistèm relijye a nan gwo machin sa a ke yo te mete an plas kounye a pral, absoliman, refize pwomès nan fen tan an; ak Mesaj tan lafen, ak siy tan lafen, lafen tout bagay ki sipoze rive, jan Bondye te predi li, Pawòl pa Pawòl.

Li sou band. Si—si yo tire m, oswa kèlkeswa sa yo ta ka fè, yo pa p janm kanpe mesaj sa a! Ou wè? Li pral kontinye menm jan an. Ou wè? Li deja soti. Li anrejistre. Li ale. Ou wè? Yo pa janm ka...Se—Se Pawòl lafen an, kounye a. Per-...Pafètman konfime epi pwouve, ankò e ankò e ankò, pa siy, mirak, pa mekanik yo, pa-pa-pa Dinamik yo, pa-pa lasyans, pa legliz la,

pa Bondye Li Menm, te pwouve ke se lè a; alafwa pa Pawòl la, epi pa siy ak mèvèy.

146 Yon mesaj Bondye apwouve nan mitan nou, pa siy ak mèvèy pou lè a. Yon mesaj ke Jezikri pa mouri, men vivan jis menm jan Li te toujou ye a, epi Li kontinye avanse. Epi Li akonpli egzakteman Malaki 4 epi tout lòt Ekriti yo ke Jezi te di ki t ap akonpli nan dènye jou yo. Se totalman akonpli, alafwa syantifikman, pa mond lan. Ak magazin yo ki pran gwo foto ano Limyè, ki te predi isit la. Zanj Bondye yo, ki te desann, ke yo pa konnen. Epi toupatou, toupatou, li pwouve, sou latè!

147 Apre sa, se Krisifiksyon an, epi n ap fè fas ak li. Kòm Jezi te di lè sa a, "Kisa Mwen va di: 'Sove M, Papa, de lè sa a'? Men, non. Ke volonte W fèt, wè sou tè a, menm jan li ye nan Syèl la."

148 Se sa Legliz la di, jodi a, nan kè l: "Mwen asosye m avèk yon bagay...? Non, Seyè, non. Ke volonte W fèt, menm jan li ye nan syèl la."

149 Remake, apre Pawòl pwomi pou laj la te konfime a, yo te refize L. Yo fè menm bagay la jodi a. Epi kounye a m ap rapwoche de konklizyon an. Epi kòm Li te vini Lè sa a, klèman idantifye Tèt Li kòm Pawòl la, epi Li te rive nan konfwontasyon an kote yo dwe chwazi Pawòl la oswa pran sistèm nan; li rive nan menm bagay la jodi a, dwe chwazi Pawòl la oswa pran sistèm nan. Epi yo te pran sistèm nan. Kounye a, kisa sa fè? An konklizyon. Li sou men mond lan. Egzakteman.

150 Kounye a, tèks mwen an. Sa a se yon pakèt detou pou poze yon fondasyon, men kounye a mwen jis ap kòmanse, ou wè. Pa leve, mwen te jis ap takine. Ou wè, sa se tèks mwen an. Nou konnen sa. Se fondasyon an k ap poze. Nou genyen li poze nan yon sèl tras isit la kounye a. Ann plase kay la byen epi gade ak kisa li sable, plase sipò l.

151 Jezi sou men pèp la. Li sou men yo legliz la. Kisa w pral fè ak Jezi sa a ki rele Pawòl wen an? *Kris* la vle di "Pawòl wen" an. Ou wè?

"Kisa w pral fè ak Jezi sa a?" Pilat te di. "Kisa pou m fè avè l? Kisa, ki chwa m? Kisa mwen ka fè ak Jezi sa a yo rele *Kris* la?"

152 Kisa mond lan rele? Kisa legliz la rele? "Krisifye Li! Kanpe L! Nou pa vle L ankò."

153 M pral mande nou yon bagay. Èske nou ka imajine kilpabilite sou men Oswald, maten sa a, moun ki asasine Prezidan an? Èske nou ka imajine sa jijman l ap ye si li pwouve ke se li ki fè l? Èske nou-èske nou ka imajine gen pitye ki rete pou li? San Prezidan Etazini an sou

men I. Èske nou kwè ke Lakou Federal la...Kèlkeswa jan li plede: “m pat vle fè sa,” sa pap eskize l ditou. Lap mouri. Poukisa? Li gen san Prezidan an sou men I. Èske nou ka imagine santiman sa a? Èske nou ta renmen gen sa sou men nou? [Asanble a di: “Non.”-Ed.]

154 Ebyen, e San Jezikri a alò? Ou panse ke wap eskize, apre ke L konplètman konfime? Kijan wap echape L? San L sou men w, koupab! Pechè, kote w prale kounye a? Kisa ou pral fè apre reyinyon an maten a?

155 Èske w panse, ou di: “Ebyen, me te vle...m pat vle mechan.” Oswald te ka di menm bagay la.

Si jij Lakou Siprèm nou an pral fè apèl a la jistis, lap fè l. Se-se pa nou...Se absoli nasyon nou. Tout nasyon an lye a Kou Siprèm sa a, e anyen ka rete. Li te komèt krim lan. Kèlkeswa konbyen li pat vle, jan entansyon l te ye, ou anyen de sa, li pral peye pou sa, de tout fason.

Si Lakou Siprèm nou e jistis li mande yon rekonpans, a konbyen plis wap retwouve tèt ou nan Bar Jijman Bondye a, lè ou vin avèk San Jezikri nan men w? “Kisa m pral fè avèk Jezi sa a ki rele Pawòl ki wen an?” Ou tande Li. Ou konnen se Verite a. Li konplètman konfime.

156 Yon asasen? Èske nou tap dezire yon asasen denominasyonèl de Pawòl la, pase Kris inosan an? Èske nou tap klouwe sou kwa? Èske nou tap—èske nou tap oze pran Barabbas? Èske nou te ka rele pou Barabbas? Kijan pou yon moun oze fè sa, pou rele pou Barabbas, asasen Pawòl la; pase pou pran Pawòl lan, Limenm, ki se Lavi. E Li sou men nou.

157 Lè m te tande pale de asasen Prezidan Kennedy an, Mesaj sa a te tonbe sou kè m. M te panse, kisa nonm sa a pral fè? Epi nanpwen mwayen soti ladann kounye a. Li te ka leve lè sa a epi reyalize kisa kap tann li.

158 Epi nou pral leve yon lè. Isi an, oswa sou bann lan, kèlkeswa kote w ye a, ou pral leve yon lè, pechè, epi reyalize ke gen yon San sou men w, epi San Pitit Bondye a, epi ou koupab de asasina Li. Peche w te asasinen Li. Enkredilite w nan Pawòl Li, echèk ou pou wè idantifikasyon Li, te atriste Sentespri an. Epi kisa w ka fè sof kanpe devan Jijman Bondye a,

lè w konnen kisa k pral rive w! Wi, san John Kennedy ki sou men Oswald ap yon bagay minè, pase San Jezikri sou men nou lè nou kanpe devan Bondye.

159 “Kisa w ap fè ak Jezi sa a ki rele Kris?” Pilat te di. Li te plase sou men I.

Epi San Jezikri an plase ankò sou men asanble sa a. Li plase sou men nasyon sa a, epi nan viwonn mond sa a, kote bann sa yo te ye, epi bagay ki te konfime epi ke Bondye te pwouve.

Kounye a kisa n ap fè ak Jezi sa a ki rele: “Men lan ayè, jodi a, ak pou tout tan”? Kisa n ap fè ak Jezi sa a? Èske nou pare pou pran plas nou a kote Li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.]

160 Pilat, e nan menm bagay Pilat te fè a, gen twa bagay ki rete ou ka fè avè L. Pilat te eseye tou lè twa, epi li te rate I. Twa manèv ke w te ka eseye fè fonksyone, men li pap janm mache. Pilat te eseye retire L nan men I. Men yon fwa L te plase sou men w, Li sou men w. Pilat te eseye twa diferan fason, epi I te echwe.

161 Nou dwe fè fas o fèt ke L sou men nou. Nou te wè L nan Pawòl Li. Nou wè L konfime Tèt Li. Nou konnen ke L se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Èske se vre? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a,]

Alò, m pa sèlman ap pale ak asanble sa a isi a maten an, paske m sèlman ap pale ak sis, sèt san moun, petèt, men m ap pale ak milyon nan bann sa a li pral fè tou mond lan. Ou wè? Li sou men nou, nan peyi bann, kèlkeswa kote nou ye a. Nou konnen Se Verite a. Si nou pa konnen, alò nou avèg; nou pa ka wè Pawòl la, ni nou pa ka wè Bondye nan Pawòl la. E Li sou men nou. Kounye a kisa nou pral fè avè L?

162 Pilat te eseye debarase de Li, men nou gen pou n fè fas a fè yo. Pilat te dwe fè fas a Li. Li te konnen. Li te tandè.

Ebyen, ou di: “M pat janm wè anyen nan li.” Ou te tandè L, tout jan. W ap tandè L kounye a. Ou wè?

Li te vle Jezi fè yon mirak, oswa yon trik, pou li. Men Li pat jwe trik; Li te sèlman ap fè jan Bondye te di L fè.

163 Nou te tandè. “Lafwa vini pa tandè.” Nou gen lafwa, epi elwaye de, pou retire sa nan men w. Men li dwe fè fas a fè yo, tout jan. Li te fè l, e kidonk nou dwe fè fas a fè yo. Li te idantifye konplètman. Reflechi, ak San yon Nonm sou men l!

164 Lòm dwe fè atansyon lè li gen san yon lòt nonm sou men l. Gade yon avyon. Yon piltòt nan yon avyon, lè li fè avyon sa a vire, li tcheke chak enstriman. Poukisa? Li gen san yon moun sou men l. Chak ti enstriman ki ka tcheke, li tcheke l. Lè l soti epi fè avyon an vire, li—li—li fè motè a—a—a vire, motè a, epi asire ke li chofe. Epi voye manèt gaz lan ale nèt sou li, pou asire ke souf lan ap—ap...si l ap kapab konprese, oswa voye elis la, tou, ak ase van pou fè l dekoule.

Nou te kanpe, anpil nan nou, nan yon avyon, oswa chita la a, epi tout avyon an fè atè a tranble, prèske. L ap ba li tout sa l genyen, pou wè si gen yon bagay ki pa kòrèk. Si sa ap fèt, l ap krache epi lap etenn. Men li tcheke l ankò, si li dwe chita la a yon moman, jouk li tcheke l ankò. Epi si yo retade l on tikal, li tcheke l ankò.

165 Kijan Legliz la ta dwe ap tcheke l ankò, epi ankò, epi ankò, epi ankò! N ap tann Vini Li. N ap mache, n ap tann pou dekolaj lan. Pito nou tcheke l ak Pawòl la, pa sa yon moun te di. Pou sèten ou konnen, oumenm, kòm yon eksperyans pèsonèl ak Kris. Tcheke l ankò, epi ankò, epi ankò.

Poukisa? Li gen san nonm lan sou men l. Pito l tcheke.

166 E sak pase ak on doktè, anvan yon operasyon? Nou gen kèk doktè ki chita isi a maten an. Remake, ke yon doktè, sa l ap fè anvan l ale nan operasyon. Li vle yon radyografi. Li vle tcheke san an. Li vle tcheke kè a. Li vle wè si ou gen yon rim, anvan li bay anestezi an. Li tcheke chak enstriman; li bouyi yo, nèt ale, pou wè ke pa gen jèm sou li. Li fè tout bagay. Li tcheke ankò, epi ankò, epi ankò, epi ankò, ankò. Poukisa? Li gen san yon nonm sou men l. Li vle sèten amò ke tout bagay jis kòrèk otan ke posib.

167 E oumenm? E oumenm, pechè, kisa w te santi sou sa?

Pou gen san yon nonm sou men w, responsabilite tankou yon pilòt, epi I tcheke; doktè a, epi I tcheke; epi ki lòt bagay ankò, tèlman anpil syantifik; lè nou gen san yon nonm sou men nou, kisa n ap fè!

Lè yon jij pral pwononse santans, gade kijan li li liv sa yo, ankò epi ankò epi ankò epi ankò epi ankò, pou chak ti bagay ke I ka wè, anvan li pwononse santans. Paske, li gen san yon nonm sou men I, dwe gen yon bagay isi a pou jistifye sa. Ou wè?

168 E noumenm, I nou wè L idantifye nèt ale, ke: “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan”? Li isi a. Li sou men nou. Li sou men nou. Li sou men nou! Kisa nou pral fè avè L? “Kisa n ap fè ak Jezi sa a ki se Kris wen an?”

“Kisa L fè? Kòman nou fè konnen Se Li?”

Pwomès jou sa a, jou n ap viv ladann lan, gen tèlman anpil nan Ekriti an ki di, tèlman anpil pous nan Li sipoze akonpli, dènye pous sa yo de dènye jou sa a. Gen kèk bagay ki chita isi a ki sipoze rive, epi men li. Kisa I ye? Menm Kris wen an, Pawòl wen an! Kisa w pral fè avè L? Èske w pral vann Li bay denominasyon an?

169 Kounye a kisa Pilat te fè? Pilat te eseye lave L sot nan men I, nan di... Premye bagay Pilat te fè se te eseye lave L sot nan men I, nan di: “O, Li kòrèk. Li trè byen.” Ou wè?

170 Ou di: “O, pòv Pilat.” Pilat, anpil nan yo jistifye I? Non, non, non! Li te sou men I. Li te tandè Mesaj la, li te wè Pawòl lan, epi L te sou men I. E se konsa Li sou men nou. Se vre.

Kisa I te fè? Li te eseye di: “O, ebyen, Li s on bon Nonm. M pa jwenn okenn fot nan Li.”

171 Si se pa repons tèlman anpil moun jodi a! “O, pa gen anyen ki pa bon ak Pawòl la. M sipoze sa kòrèk. Bib lan trè byen, men m kwè legliz la. Denominasyon nou pa dakò avè L.” Ou wè? Ou wè? Gen yon klas moun kap eseye lave L sot nan men I.

“M pa jwenn okenn fot nan Pawòl la. Se te kòrèk pou apot yo nan jou yo, men nou viv nan yon lòt jou. Nou pa viv nan jou apot yo, kidonk se poutèt sa m pa gen pou fè tankou apot

yo te fè. M pa gen pou batize fason yo te batize a; m viv nan yon lòt jou. M pa dwe gen bagay ke yo te genyen yo; m viv nan yon lòt jou. Sentespri an te jis bay pou gwoup sa a.”

172 Ebre 13:8 tounen mete L sou men nou ankò. [Frè Branham frape twa fwa sou lestrad lan—Editè a.] Nanpwen chape! Li konfime nèt ale, “Li se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan. Nou pa gen okenn chape. Nou pa ka pase L nan yon lòt laj. Ebre 13:8 kondane panse nou yo, epi tounen mete L dwat sou men nou ankò. Kidonk Jezi sou men nou, jis tankou sa te ye sou men Pilat.

Gade. Ou di: “Men m pa konnen.” Ebyen, poukisa wap koute?

173 Pilat te yon payen. Madan m li te yon payèn. Men Bondye fè sa jis, te voye madanm sa a anndan la a epi te di: “Piga w gen anyen pou wè ak Nonm jis sa a.” Li te di: “M te soufri jou sa a.” Byensi, se te nan maten, se te pandan lannwit, epi yon vennkatrè konsidere se yon jou. “M te soufri kèk rèv aswè a, sou Nonm jis sa a. Piga w gen anyen pou wè ak Sa.”

174 Kounye a li te di: “Ebyen, alò, si se konsa, m ap jis lave L sot nan men m.” Men li pat ka fè sa.

Nitou nou kapab. Yon fwa nou tande Verite an, nou dwe asepte L oswa refize L. Nanpwen mwayen... Wi, mesye, nou dwe fè sa. Avètisman Seyè a!

175 Jwif yo te rele: “Kite San Li sou nou; paske nou tap kwè prèt nou yo, sistèm denominasyonèl nou, anvan nou ta kwè L.”

Men nou. Wè klas yo jodi a? Men tout dwe fè fas a kesyon Bondye. Nou tout dwe fè l, kanmenm, payen oswa kèlkeswa sa nou te ka ye. Enkwayan, Metodis, Batis, Presbiteryen, tyèd, frèt, cho, ak kèlkeswa sa nou te ka ye, nou dwe fè fas a kesyon an jis menm jan an. Kit nou vle li, ou pa, Sa sou men nou. Se egzakteman sa.

176 Apresa gen sila yo ki eseye lòt manèv Pilat pou evite kesyon an, pase L bay kèk lòt Seza. Ou wè?

Pilat te di: “Kounye a tann on minit. M—m—m—m pa vle anyen pou wè ak Sa. M—m—m—m...Li s on Nonm jis. M—m pa vle anyen pou wè avè L. O, m—m kwè sa m te



tande a. M pat janm wè L fè yon mirak, men gen twòp temwen pou Li. M—m—m kwè Li se yon Nonm jis. Li s on bon Nonm, ou wè, men—men m—m pa vle gen anyen pou wè ak Sa, mwenmen. M—m—m jis...M ap jis lave L sot nan men m. Pote on ti dlo pou mwen. Nou tout temwen mwen isi a.” Ya. Men Bondye tap temwen, tou. Li te sou men l.

177 E se konsa Li sou men nou. Ou wè, nou, nou konnen de kisa m ap pale. Ou wè? Pa sèlman nou, men bann sa a. Li sou men nou. Kisa nou pral fè avè L, Jezi sa a ki rele Kris? Kris se Pawòl Wen an. Ou wè? Kisa nou pral fè ak Sa? Se Mesaj lè an. Jou an isi a, ki te pwouve nèt ale pa Bib lan epi pa Bondye. Kisa nou pral fè ak Sa? Kijan nou pral evite kesyon an kounye a? Kijan n ap soti anba l? Li sou men nou! E ka Oswald lan ap youn ki minè, pou pa nou, menm si minis oswa kèlkeswa moun ou ka ye.

178 Jwif sa yo te prèt, ak raben, anseyan, nonm sen; men Li te sou menm yo jis menm jan an. Li te Pawol la, kesyon Bondye a pou jou sa a, epi yo te echwe pou wè Li. Jis eli yo te wè Sa, sila ki te kwè Sa.

179 Kounye a tout dwe fè fas a kesyon an. Nan chak laj se te konsa, chak tan. Atravè laj Èv ak Adan, kontinye desann nan laj Noye, kontinye desann nan tan Danyèl ak Belteshazzar ak Nebuchadnezzar, kontinye desann nan tan Kris, kontinye desann nan lè sa a menm n ap viv ladann lan, se menm bagay la, kesyon Pawòl lan vini. Pa kredo yo, oswa pa denominasyon an, pa dògm lan, men, kesyon Pawòl lan te kont bagay sa yo. Kidonk, kounye a, Li sou men yo kounye a.

180 Alò sila yo ki eseye lòt manèv Pilat lan, pou debarase de Li, pa pase L bay yon lòt moun. Pilat te di: “Kounye a, nou konn kisa? M ap jis retire L nan men m. M ap lave L sot nan men m ak dlo sa a. Kidonk m ap jis...M dwe fè yon bagay avè L. Kidonk kisa m ap fè? M ap voye L lòtbò an nan katye jeneral yo, ak evèk lan.” En en. Ya.

Se sa yo eseye fè jodi a. Ou wè? Yo te voye L bay yon Seza. Sa pat retire L nan men Pilat, retire L nan men pèsòn. Kisa l te fè? Li te tounen sou li. Tounen dwat bay endividi an.

181 Ou di: “Ebyen, m tap, m tap fè l. M tap asepte L si denominasyon m lan te asepte L.”

Denominasyon W lan se nan Konsèy Legliz yo, kondane! Kijan yo pral resevwa Li? Li tounen tou dwat sou nou. Se pa sa denominasyon nou di; se, kisa nou di? Yo te rejte L; kounye a kisa nou pral fè avè L? Sa se pwochen bagay la. Ou wè? Sa pa retire L nan men nou.

Li konfime nèt ale. Li idantifye nèt ale, Pawòl lè sa, pwomès lè sa a. Pa pwomès lè Litè a; se te Li lè sa a, se te Pawòl lan nan laj refòm lan. Menm jan, nou tout ki te tandè Sèt So yo, lè laj refòmatè yo te soti, Bèt lan ak figi an tankou yon nonm (òganizasyon) te parèt; men se figi èg lan, Bèt ki t ale fè defi an jodi a.

182 E kimoun ki tap oze di ke se pa Pawòl Bondye ki enspire, lè Li te di Sa davans isi a, epi te voye laba a nan Arizona epi te pote L tounen dwat, men ak lasyans ak tout lòt bagay, epi te pwouve L konsa! Liv sa a deja louvri, se vre, jis ap tann pou Setyèm So an idantifye nan Vini Kris la.

183 Trè byen, Li sou men nou. Nou dwe fè yon bagay avè L. Pa retire L. Wi, mesye. Nan kategori sa a, m ta renmen di: “pase L bay yon lòt moun.”

“Si denominasyon m lan ta vle asepte L, Frè Branham, m tap—m tap asepte L. Men, ou wè, manman m fè pati de legliz sa a.” Li te viv nan laj li; Se pa ou. Se ou kounye a. Gade nan kisa li te dwe soti, pou l sa l te ye a. E oumenm? Trè byen.

184 Gade. Ou di: “Manman m te yon Pannkotis. Li te fè tèl tèl bagay. Li soti nan òganizasyon an.” Men m ap eseye pale avè nou kounye a. E noumenm? Ou wè?

Nan kategori sa a, nou jwenn anpil ki edike. Kounye a, m konnen m pral blese santiman isi a, men m pa fè sa ak entansyon pa m. Si m fè sa, alò m—m ta dwe anba nan lotèl la, ap repanti. M ap di sa nan lanmou diven.

185 Jezi, lè L te kanpe la a, ak Farizyen yo; te dwe di: “Nou sot de papa nou, dyab lan; n ap fè zèv li.” Poutan rele pou lapè ak mizèrikòd pou yo, sou kwa an, ki te klouwe L sou kwa. Ou wè, Li pat fache avè yo. Li te di: “Nou jenerasyon sèpan.” Ou wè? Ou wè? Tout bagay, Li te modi yo pou tout bagay Li te kapab, ou wè, epi apre te priye pou yo sou kwa an. Ou wè? Se pat ke L te vle fè sa; se pat sa, men yo te dwe wè erè yo tap fè an.

186 E m ap di menm bagay lan jodi a, nan kategori sa a de “pase responsabilite an bay yon lòt moun,” oswa yon bagay nou rele l nan lame an: “pase dola an bay yon lòt moun.” N ap eseye pase l bay, tankou Adan ak Èv te fè.

Ève te eseye. Adan te di: “Fanm Ou ban mwen an,” epi se pat okenn eskiz pou li. Ou wè? Fanm lan te di: “Sèpan te twonpe m. Li...Li te sila ki te gen relasyon seksyèl avè m. Li te twonpe m. Li te fè sa.” Sa pat kenbe l lwen, ditou. Yo te kontinye ale dwat nan jijman an, jis menm jan an. Wi, mesye Trè byen.

187 Yo pa ka pase l, youn...Pa ka di: “Si denominasyon m tap kwè Sa, m—m kwè tou. Men, m te nan denominasyon sa a.” Sa pa gen yon bagay pou wè avè l. Jwif yo te gen menm bagay la, se konsa nou genyen l.

188 E, note, anpil nan sa a, nou jwen dèzòm ki gen bon kilti nan kategori sa a. Kounye a koute byen.

Ou wè, kilti, sa nou rele kilti jodi a, se sa Satan te pwodwi bay Èv, yon ti sajàs. Te di: “Je w yo pa louvri, ke nou pa konprann tout nan Sa.” Li te konnen Pawòl la, e se te tout. Li te wè Bondye kap konfime Pawòl sa a, epi sa ta dwe bon. Li tap kenbe nan Lavi Etènèl, toutotan li te rete avèk Pawòl sa a. Lè l te kase Pawòl sa a, li te gen pwomès Bondye a ke li tap mouri jou ke l te kase L. Epi, lè l te kase L, li te mouri. Se vre.

189 Nou gen Pawòl konfime Bondye an isi a, ap konfime, ap pwouve pa Lespri an, ke L te resevwa nou epi ban nou Batèm Sentespri an. Nou batize nan Non Jezikri. Menm Levanjil la, menm siy yo, menm mèvèy yo, menm ministè a, menm menm Kòlòn Dife an vizib devan nou, ap montre siy ak mèvèy yo. Pa gen yon eskiz, pyès kote.

E se egzakteman sa Bib lan te di ki tap rive nan dènye jou yo, epi yon apèl de Malachi 4: “pou restore Lafwa timoun yo tounen bay papa yo ankò.” E touswit apre sa, mechan yo te mache...oswa jis yo te mache sou sann mechan yo; tout mond lan te dwe boule. E atom yo ap pandye lòt bò a, bonm yo nan rak lan.

190 Nou wè kisa Almay te fè osito yo te dekouvri Pres-...Prezidan an te asasine? Yo te rasanble lame yo byen rapid, paske se te sèl bagay ki tap anpeche Risi pou bonbade la a. E

yo te frape....Kennedy te jis voye pawol yo, ke, lè yo fè sa, ke l tap detwi yo nèt sou tè a, dwat sot an Almay. Ou wè? Epi yo te panse yo te ka pran li, men se potko lè a, ou wè. Ou wè?

191 Nou jwenn dè predikatè ki entèlijjan, edike, evanjelis, ap eseye pase L bay yon lòt moun. Ou wè?

Poukisa, poukisa Pilat pat di: “Ebyen, tann on minit, Nonm sa a...madanm sa a te vin di m, epi m te tande anpil temwayaj de Ou. Nou konnen, m—m te enterese. M ta renmen dekouvri. Kisa m ka fè pou gen Lavi Etènèl, Mesye? Ou sou men m. Kisa m ka fè?” Ebyen, li tap di—li tap di...Li te di: “Èske—èske W se Mesi a? Èske—èske W se Wa Jwif yo?”

192 Li te di: “Se sa nou te di. Nou te di sa.”

“Oswa, di nou, vrèman, èske Ou se Wa Jwif yo?”

Li te di: “Se pou bi sa a m te fèt.”

Li te di: “M pa ka jwenn okenn fot nan Li.” En en. “Ebyen, m ap jis lave L sot nan men m.”

193 Li te reponn li, men li pat ka resevwa L. Poukisa? Li tap desann prestij li. Kidonk li te panse li tap voye mesaj bay moun prebistè leta an, epi wè kisa l tap fè sou Sa. Ou wè?

194 Menm bagay la kounye a, kesyon an parèt ankò. Kisa w ap fè avè L, Pawòl lan? Kisa w dwe fè, mande moun presbitè an, oswa evèk lan, oswa yon moun, si ou ka chanje motivasyon pou batèm, si ou ka fè sa, oswa fè sa? Ou wè sa a, epi, “Sètènman, ou pa sa.” Ou pase dwat tounen ba ou. Si w fè sa, y ap choute w deyò. Ou wè?

195 Sa tap desann prestij moun yo. Wi, yo—yo panse...Epi konsèy denominasyonèl la tap kanpe... Tankou—tankou Pilat ki tap pase L bay Seza; yo pa tap kanpe pou Li. Seza tounen mete L nan men Pilat. Kidonk yo eseye pase L bay tèt denominasyonèl yo—yo, epi sa pa mache. Trik sa a pat janm mache, epi li pap mache. Li pat mache pou Pilat; pap mache pou nou; li pap mache pou okenn lòt moun. Kounye a, dezyèmman, bagay nou ka fè a se...

196 Twazyèmman, pito, se asepte L, oswa rejte L. Nou pa ka lave L sot nan men nou. Nou pa ka pase L bay yon lòt sistèm, oswa kèk lòt bagay. Nou dwe fè fas a kesyon an. Kidonk kisa nou ka fè?

Tankou Pilat, te kanpe ak menm bagay la, li te di: “Banm on ti dlo, m ap lave L sot nan menm, pou pwouve!” Lè l te retounen ankò, li te toujou dwe pase jijman an; pat eskize li. Li te eseye di: “Ebyen, mwen, si m pa ka retire L nan men m, m ap mete L sou men Seza.” Epi Li te tounen tou dwat pou li.

197 Li fè l pou ou, tou, kòm yon endividi. Kisa w pral fè? Pa sa manman te fè, sa papa te fè, sa pastè an fè, sa Frè Branham fè, sa nenpòt; Li nan men w! Kisa w pral fè sou Sa, ak Jezi sa a ki rele Kris? Paske, ou gen San sou men w, epi Se San Bondye an. Kounye a kisa w pral fè? Pou w koupab de klouwe sou kwa an. Ou wè?

198 Nou ka krisifye Li, asepte kredo nou oswa kèlkeswa sa nou vle a, oswa di: “Ebyen, m ap jis pase sou sa. M pap gen anyen pou wè ak okenn nan bagay legliz sa a.” Nou pa ka fè sa. Li sou men nou. Se vre. Nou pa ka fè l. “M ap jis bliye tout bagay lan.” Nou pa ka fè l. Li toujou sou men nou. “Ebyen, m ap jis di: ‘Pastè m te anseye m sa.’” Sa ap tounen vin jwenn ou dwat. Se pou ou. Ou konnen. Kounye a, ou ka swa resevwa L oswa ou ka rejte L, jis se swa fason w vle fè l la. Kisa? Li dwe vini nan youn nan yo.

199 Kounye a kisa? Menm jan Jezi te di Farizyen sa yo, Li te di: “Kòm nou se Farizye avèg yo,” ou wè, Kimoun ki tap di l menm bagay la jodi a: “noumenm anseyan relijye avèg, nou ka disène tan kominis la. N ap konbat sa, epi konnen ke Bondye te leve bagay lan menm pou detwi nou.” Ou wè, pa konnen Lèzekriti. Ou wè? “Nou, nou ka disène kominis sa a ki pral pran mond lan. Nou ka wè sa. Nou ka disène sa.”

200 Tout sijè nou yo se sou kominis. “Mete kominis deyò!” M tande l jouk m bouke koute l. M kont sa, tou. Sètènman, m kont sa. Men m plis kont nonm lan oswa fanm ki rejte Jezikri, Pawòl la. Oswa, kit ou se yon predikatè oswa kèlkeswa sa w ye a, nou gen plis redevans anvè

Kris la pase kominis sa a ye. Li iyoran epi pa konn anyen sou Sa. Nou sipoze konnen. Ou wè? Nou ka disène tan kominis lan, men nou pa ka disène siy jou n ap viv ladann lan.

201 Jezi te di Farizyen sa yo, te di: “Noumenm ipokrit!” Te di: “Nou soti epi gade syèl yo, epi di solèy la wouj epi ba, demen ap gen move tan. Si syèl lan klè,” te di: “ou di demen ap yon jounen klè.” Te di: “Nou ka disène siy tan an, oswa siy syèl ak tanperati an, men siy tan an nou pa konnen.” Men Li te, Mesi an, epi ap rejte Sa.

Epi nou toujou ap pale de kominis ak kèk nan bagay sa a, men, siy tan an, nou pa konprann Li. Ou wè? Nou pase sou sa, pase sa. Ap reyini ansanm kounye a menm nan enkredilite, epi yo resevwa l, men echwe pou konprann epi wè siy tan an ke Bib lan te di ki tap la.

Èske nou konprann Li? [Asanble di: “Amèn.”—Editè a.] Dwe fenmen, byen vit kounye a. L ap vin ta, ou wè.

202 Menm jan papa yo te fè, se konsa yo fè, menm bagay jodi a. Kounye a, desizyon te pran. Li te dwe rive. Nou dwe rive jwenn li, yon fason. Ou wè? Klouwe Pawòl la sou kwa ankò, oswa kisa w pral fè? Klouwe Pawòl lan sou kwa toupre. Klouwe sou kwa epi kanpe Pawòl konfime an, pou—pou byen denominasyonèl lan, tankou Pilat te fè, ap eseye fè on moun pase. Kounye kisa w pral, antanke yon endividi, fè ak Pawòl wen an ki rele Kris la?

Menm lan ayè, menm Kris la ki te wenn Pawòl lan nan epòk Noye an. Menm Kris la, Pyebwa sa a—sa a ki te nan jaden Edèn lan; ke Ève te kite, nan manje nan Pyebwa Lavi sa a, pou pran pyebwa sajès la; li; li te kite Pyebwa Lavi an, pou pran pyebwa lanmò an. Tan Noye an te fè menm bagay la. Nan jou pwofèt yo, yo te fè menm bagay la. Nan jou Kris, yo te fè menm bagay lan.

E men yo isi a jodi a. Paske chak moun ap pale de tan pa li, epi, lè bagay sa a te akonpli, chak fwa yo te pran rezon denominasyonèl yo, e latriye, ak sajès mond lan nan plas Pawòl wen Kris lan. Kisa w ap fè, antanke yon endividi?

203 Pilat pat janm wete L nan men l. M ap—m ap fenmen, kidonk se pou nou vrèman an silans jis on moman. Pilat pat janm wete L nan men l. Nitou nou pap fè l, nan fason ke l te fè

a, ap eseye nenpòt nan manigans sa yo. Li pat janm fè l. Nou konn kisa k te rive Pilat? Li te pèdi lespri l. Sa te rive tèlman tout sa l te ka tandè se te klouwe sou kwa sa a. Tout sa l te ka tandè se te yon raj, ke alafen li te vin fou.

204 E yo te gen yon lejann anwo nèt nan Nòvèj, oswa pa...M mande nou padon. Anwo nan Laswis; kote, m te yon misyonè anwo a la. Yo pretann dè milye reyini la a, sot nan tout mond lan, nan Vandredi Sen; yon twou dlo kote Pilat te touye tèt li. Alafen li te kouri lage tèt li nan lanmò nan pisin dlo sa a. E yo pretann ke chak Vandredi Sen, a twazè nan apremidi, dlo an vin ble, li bouyonnen sot nan kote kò Pilat te lonje an. Li te rejte L. Toujou gen San sou men li. E li rejte, li te refize; dlo an.

Nou pa ka lave L sot nan men nou. Pa gen dlo, ankenn savon, ki ka netwaye Sa. Li sou men nou. Kisa n ap fè avè L?

205 Men sèl bagay ke nou ka fè. Si nou pa ka lave L sot nan men nou; nou pa ka fè L pase sou on lòt bagay; nou pa ka jis fè l pase on fason mitik. Pa gen okenn mwayen nan mond lan. Sèl bagay nou ka fè se asepte Sa, nan kè nou. Se fason sa pou debarase de Li. Retire L nan men nou epi mete L nan kè nou, oswa kite L sou men nou epi fè fas a Jijman an. Se sèl bagay ke nou ka fè.

Fen Pilat la te youn ki terib.

206 Pawòl lan di ke sila yo ki kenbe L sou men yo...M ta pral li L. Men Li di: “Yo te rele bay wòch yo ak mòn yo. Yo te priye, men priyè yo te twò ta.” Ou wè? Yo te rele: “Kache nou pou figi Sila ki chita sou Twòn lan, epi pou kòlè Ayo an, sa se pou Belye an, Lavi Ayo an ki vini. Paske, gran Jou Jijman an rive, e kimoun ki va kapab kanpe?”

207 Kisa nou panse Oswald pral fè kounye a lè li mache al devan Lakou Siprèm lan, epi wè je fache sa yo de jiri an—an ak tout ki chita la a? Li konn kisa k pral rive. Swa se pral yon chanm gaz, oswa yon kòd ki pandye la a, oswa on bagay. Li dwe fè fas a sa.

208 Men e si nou mache al la a ak San an sou men nou, nan rejte? Epi konnen ke lanfè lonje devan nou, destriksyon Etènèl; ap rele pou wòch yo ak mòn yo; men te priye, paske priyè yo te twò ta.

Nan Ebre 10: “Si nou peche ak pwòp volonte yo.” Peche se “enkredilite.” “Si nou pa kwè ak pwòp volonte nou apre nou te resevwa Verite an, konesans Verite an.” Nou pa gen pou nou resevwa L; jis konnen sou Sa. Nou dwe genyen L, nou jis...O, non, non. Ou wè? Pat di: “apre nou te resevwa Verite an.”

*Si, apre nou fin konn verite a, nou toujou ap fè sa nou konnen ki mal, pa gen ofrann bèt ki ka wete peche sa yo.*

Men yon... atant nan perèz...endiyasyon nan *gwo dife an*,... va devore advèsè an.

...Paske Bondye *te di: Se mwen menm sèl ki gen dwa tire revanj, se mwen menm sèl ki va bay moun sa yo merite, se sa Bondye te di—te di.*

209 Si nou refize kwè Sa, ak pwòp volonte nou, apre Verite an te prezante ban nou, pap gen mizèrikòd ankò. Nanpwen mizèrikòd ankò kap akòde.

Pastè, kap koute bann sa a, kisa k gen sou sa? Manm legliz la, kap koute bann sa a, kisa k gen sou sa? Kisa nou pral fè, si nou refize kwè L ak pwòp volonte nou? Nou pa ka lave L sot nan men nou. Nou pa ka pase L bay katye jeneral yo. Li pral tounen, tounen dwat ban nou. Nou te tandè L. E noumenm? Kijan nou pral kanpe nan Jou sa a?

Se swa Li sou men nou oswa nan kè nou, youn ou lòt. Bondye ede nou.

210 Si—si nou ka jis imajine yon asasina, epi kisa ki dwe ap pase nan kè nonm sa a. Kisa I te fè? Li te leve twò ta, apre I te deja fè sa.

Gade, li te gen okazyon an. Li te fèt yon Ameriken lib. Li te yon Ameriken. Men li te vle vann dwa denès li yo, pou vin yon Ris, epi sa te tounen vin jwenn li. Li te marye ak yon fi Ris. Kounye a li se yon pansè lib de pati kominis Cuba an.

Ap panse lib: “M fè pwòp panse pa m.” Nou pap gen okenn panse kap vini. Kisa n ap fè ak Jezi ki rele Kris? Ou pa okenn pansè lib. Pa gen okenn panse lib. Kite lespri ki te nan Kris la nan nou.

Ann priye.



211 Panse panse sa yo: “Si gen yon louwanj, si gen yon vèti, panse sou sa.” Nan mitan nou maten an, e nan bann sa a, tou, m ap pale. Si nou isi an prezan maten an, epi nou konnen ke nou pa dwat ak Bondye, epi nou pa ne de Lespri Li, epi Bondye gen...

Nou di: “Ebyen, m te fè yon konfesyon.” Se pa de sa m ap pale. Èske Bondye te asepte l? Ou ka di: “Wi, mwen, m te fè yon konfesyon, e latriye. Wi, mwen kwè.” Se sa Pilat te fè: “M te fè yon konfesyon, sètènman: ‘Kisa m ap fè ak Nonm jis sa a?’” Nou pa lave L sot nan men nou kon sa. Non, non.

212 Kisa w ap fè avè L? Si w pa yon Kreyen ne de nouvo, ak Sentespri an kap viv nan ou, ap anrichi Lavi w, alò poukisa w pa pran L kounye a? Ou pap janm lave Sa sot nan men w. Ou pap janm tande dènye pati Mesaj sa a. L ap sonnen nèt jiskaske ou pote Mesaj lan nan kè w, ke Jezikri se menm lan ayè, jodi a, ak pou tout tan.

213 Nan oditwa vizib sa a maten an, èske pral gen sila yo isi a ki reyalize ke, ke yo antò, e ta vle leve men nou anlè. Nou pa gen plas pou yon apèl sou lòtèl, plas lan tèlman chaje. Men jis di: “Priye pou mwen, Frè Branham. Bondye ede m.” Bondye beni w, m wè men w. “Se, m vle, kounye a. Isi a menm m vle, devan Bondye, Limenm konnen ke m koupab, e m reyalize m koupab. M—m vle L sot nan men m; m vle L nan kè m.” Leve men w, di: “Priye pou mwen, Frè Branham.” Seyè a beni w. M wè, nan kantite moun sa a isi a, petèt karant, senkant men anlè isi a.

Rele jodi a,

Rele jodi a,

Panse a sa kounye a, se Li kap rele. Jezi ap rele. Se Li kap pale avè w.

214 Èske w te peche nan pwen sa a, jouk kè w tèlman di, jouk ou pap, pa ka menm tande L ankò? Yon fwa, antanke yon ti gason oswa yon ti fi, ou te tande L. Ou te gen yon dezi pou fè l, men ou mete l pou pita, epi w te jis fè koupe ak rale sa yo vin di epi vin di. Èske l te ale tèlman lwen ke ou pa ka tande L ankò? Èske w kanpe kote...èske pa w la...nan plas kote tankou Oswald kanpe maten an, ke ou konnen? Uh! Kijan w ka fè sa?

Èske ap gen yon lòt anvan nou fenmen epi m ap ofri priyè? Jis nenpòt kote nan bildin lan, ki pat janm leve men w, di: “Frè Branham, jis depi ou te di dènye pawòl yo, m—m santi sa.” Nenpòt moun, deyò, nan koridò yo, nan viwonn fenèt yo, nenpòt kote, sa pa enpòtan. Jis...

215 Bondye beni w, jenn dam Bondye beni w, mesye, oumenm. Jwenn ou. Li sou...Bondye beni w, madam. Yon lòt moun? Bondye beni w, madam. Bondye beni w, isi a. Epi Bondye beni w bò la a, ti gason, ti fi. Wi, Seyè an beni w. Dèyè la a, mesye. Ya.

Kounye a jis ann panse a sa kounye a. M vle w fè sa pandan nou chante sa dousman, *Jezi Ap Rele*. Kounye a m vle nou jis di: “Seyè, gen pitye pou mwen, yon pechè, oswa yon pretandan. M se yon manm legliz, Seyè, men m—m—m vle W. M vle W. Ede m! M ap—m ap sèvi W. M pwomèt sa, kounye a menm. M te leve menm m, ke m vle W. Kounye a Ou leve kè m, ke m resevwa W, epi m ap resevwa W nan kè m.” Pandan nou chante vèsè sa a ankò, èske n ap fè l?

Rele jodi a,

Rele jodi a,

216 Kounye a priye nan pwòp fason nou. Priye kounye a. “Jezi ap rele...” Se Li k ap pale. Se pou rezon sa a nou te leve men nou.

...ak tandrès ap rele jodi a.

Jezi ap rele, O koute Vwa Li;

Tande Li...

Kounye a menm, tande Li. Di: “Seyè, m koupab. San W sou men m. M se yon pechè. M pa vle L la a ankò. M pa ka lave L soti; m te eseye a, pandan dè zane. M pa pral rejte W tankou Pilat te fè, epi eseye voye W bay yon lòt moun. M vle W. Vini nan kè m, touswit, Seyè. M resevwa W. M wè W ki kanpe dwat devan m, tankou yon imaj ki kanpe la a; pa lafwa m ap

mache dwat nan Ou, konnen ke Ou padone m. E mwen se... Ou pral nan kè m, apati de kounye a.”

...jodi a, (tout moun priye)

Jezi ap rele,

L ap rele ak tendrès jodi a.

[Frè Branham kòmanse fredone *Jezi Ap Rele*—Editè a.]

217 Papa ki nan Syèl la, ti mesaj lan fini. E kounye a, desizyon yo, tribinal yo tabli maten an. Zanj rasanble nan sal lan. Gran Sentespri an isi a ap bay konfimasyon ke Jezi toujou vivan. Li te fontèn Lavi Etènèl lan. Tonm lan pat ka kenbe L, nitou lanfè pat ka kenbe L. Li te monte anwo; libere sot nan lanfè, libere sot nan tonm lan. Epi L kanpe nan mitan nou, jodi a.

E kredo nou ak denominasyon nou te mare anpil nan moun nou yo, Seyè. Peche te mare yo, men jodi a yo vle libere. Yo kanpe tankou Pilat, e, pase pou eseye pase L sou yon lòt moun, yo leve men yo: “Vini nan kè m, Seyè Jezi. M pap lave W sot sou mwen ankò. M pa ka fè sa. Ou toujou sou men m. M te jis lave epi lave, epi Ou pa tap soti, men kounye a m resevwa W. M vle W nan lavi m, epi m resevwa W nan lavi m. Seyè, resevwa m nan Wayòm Ou, padone peche m yo, epi ban mwen lafwa pou kwè ke W resevwa m, Papa.” Akòde I. Nan Non Jezikri, m priye.

218 Epi kounye a antan nou gen tèt nou koube. Lafwa, pa lafwa... “E, Bondye, ede m pou m onèt. Men konnen ke Ou pwomèt ke...”

“Sila k ap vin jwenn Mwen, M pap mete l deyò pa okenn fason. E M ap ba li Lavi Etènèl, epi M ap leve l nan dènnye jou yo. Sila kap konfese M devan lèzòm, M ap konfese l devan Papa M ak sen Anj yo. Sila ki tande,” vrè entèpretasyon reyèl Sen Jan 5:24 la a, se: “sila ki konprann, ki resevwa Pawòl Mwen. Sila ki resevwa Pawòl Mwen, epi kwè sou Sila ki te voye M lan, gen Lavi kap toujou dire, epi yo pap rele l nan Jijman an.” Nou pap vin nan Ba Jijman an tankou Oswald. “Men nou pase,” ak yon padon gratis, “de lanmò a Lavi.”

219 “Seyè, m konn kòman, m pa konn poukisa, men—men m kwè sa rive. M kwè sa, nan kè m, enkredilite m ale. M ka di lib ‘amèn’ a chak Pawòl ke W di, epi mwen asepte L touswit. M kwè l.”

220 Kounye a ak tèt nou koube. Nou ki kwè sa, ki te leve men nou sa fè kèk moman de sa; epi pa lafwa nou wè imaj Kris lan ki kanpe la a, ke nou ta dwe ladann. N ap mache kounye a pa lafwa, kwè ke peche nou yo padone. E apati de jou sa a, nou pare pou batèm Kreyen, epi nou pare kounye a pou mache nan Kris. Èske nou ta vle, kòm yon temwayaj ba Li, tounen leve men nou, di: “Pa lafwa m kwè L ak tout kè m”? Bondye beni nou. Se byen. “Mwen asepte L. M—m asepte; anyen m pa ka fè.” Bondye beni nou. Te sanble tankou chak moun ke m te wè. “M asepte kounye a.”

221 Ou wè, nou pa bon, nou pat janm bon, nou pa ka bon, men Jezi te mouri pou moun ki pa bon. “Kisa m dwe fè, Frè Branham?” Jis asepte sa L te fè, jis asepte sa L te fè pou ou. E kounye a kwè L epi asepte Li...

Kounye a, m kwè, pastè a, pisin lan louvri. [Frè Neville di: “Wi.”—Editè a.] Batèm ap nan lòd, si nou vle batize.

Si nou te pran tit yo: “Papa, Pitit, Sentespri,” nou vrèman...M di sa ak reverans ak respè, men, nan fason pa m pou wè l, nou pa batize. Nou pa batize, paske nou pat akonpli sa L te di a.

222 Li te di: “Batize yo nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri an.” Si nou jis te gen tit sa yo ki rele sou nou; Li pat janm di: “Al rele *tit* sa yo, al rele *non* sa yo.” Sa pat janm fèt nan Bib lan. Sa pat janm fèt fason sa a. Se te, batize fason Jezi te di a: “Nan Non Papa, Pitit, ak Sentespri an,” ki se Jezikri.

223 Pyè, ak kle yo, te di menm bagay la; chak lòt apot, tout Legliz la; jiska premye Konsèy Nise an lè legliz Katolik Women an te òganize, te asepte tit nan plas Non. Se swa nou batize nan dògm denominasyon Women, oswa batize nan Non Jezikri, youn ou lòt. Li sou men nou; nou pa ka lave L soti. Li la a.

Nou te asepte L kounye a. M ap mande nou, antan—antan òganis ak piyanis lan vire al nan ansyen kantik selèb lan.

Lafwa m gad anlè ba Ou,

Ayo Kalvè W la,

Sovè Diven;

Kounye a tande m pandan m priye,

Epi wete tout koupab mwen,

Epi kite m apati de jou sa a

Pou m pou Ou an antye!

224 Piga pèsòn kite bildin lan. Jis ak reverans kanpe kounye a, epi ann jis leve men nou ba Li kounye a.

Lafwa m gad anlè ba Ou, (e Li se Pawòl la)

Ayo Kalvè W la,

Sovè Diven;

Kounye a tande m pandan m priye,

Wete tout peche m,

O kite m apati de jou sa a

Pou m an antye...(an antye epi nèt, Pou Ou!

Kounye a m soumèt lavi m.)

225 Dlo an ap pare nan kèk minit. Si nou pa ka pran batèm lan kounye a, m ap batize ankò aswè a.

Panse a sa, tout apremidi: “Sou men nou.” Retire L. Sèl fason nou ka fè, se, lave nan San Jezikri, Ki se... Ou wè? Wi, mesye. Sonje sa kounye a antan nou koube tèt nou. Gade L kounye a.

Pandan labirent fènwa lavi an...

226 Desizyon an nan kè nou kounye a. Li nan pwochè. Pawòl lan pare pou klouwe sou kwa. Kris nan pwochè. Kisa n ap fè ak Jezi ki rele Kris?

Se pou W Gid mwen;

Se pou fènwa vin lajounen,

Siye retire chagren, dlo nan je,

Ni pa kite m janm elwaye

Sot bò kote W.

Kounye a nan koube kè nou ba li. [Frè Branham kòmanse ap fredone *Lafwa M Gad Anlè Ba Ou*—Editè a.]

227 Panse fon, zanmi. Te ka non w ki dènye sa a ki al sou Liv lan. Nou nan tan lafen an. Kounye a panse vrèman fon. Èske nou, èske gen yon moun isi a ki te rejte L?

228 Sonje, li ka pa janm vini ankò. Pilat pat gen okenn lòt chans. Li te eseye tout posib li pou l te sove, e li pat ka fè l. Li te sou men l. E kisa w ap fè ak Pawòl wen pou jou sa a, ki rele Kris la?